ФИФӀ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ӀЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКӀУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКӀ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№46 (24.640) ● 2024 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 20, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокӀ ● И уасэр зы тумэнщ ●

## КъБР-м и Ӏэтащхьэ КӀуэкӀуэ Казбек

## ЩӀыпӀэ самоуправленэм и махуэм теухуа и хъуэхъу

ПЩӀЭ зыхуэсщӀ си лэжьэгъухэ! Сигуми си псэми къабгъэдэкӀыу сынывохъуэхъу ЩӀыпӀэ самоуправленэм и махуэмкӀэ.

Нобэ фэ фи пщэ дэлъщ жэуаплыныгъэ ин зыпылъ къалэнхэр. Фэ лэжьыгъэм хувиӀэ бгъэдыхьэкӀэрщ зэлъытар цӀыхухэм я псэукӀэр зыхуэдэнур, экономикэм зэрызиужьынур, республикэр зэӀузэпэщ зэрыхъунур, гъащӀэр зэрефӀэкӀуэнур.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щӀыпӀэ самоуправленэмкӀэ и къулыкъущӀапӀэхэм узыншагъэр егъэфӀэкӀуэным, егъэджэныгъэм, гъуэгухэм, щыӀэкӀэ-псэукӀэм епха Ӏуэхухэм, къуажэхэмрэ къалэхэмрэ заужьыным хуащӀ хэлъхьэныгъэр гъэ къэс нэхъыбэ мэхъу.

Уасэншэщ нобэкӀэ дзэ Ӏуэху хэхам щыӀэ фи лъахэгъухэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зэрызащӀэвгъакъуэр.

ФӀыщӀэ фхузощӀ къэщӀэрэщӀэныгъэм фызэрытелажьэм, жэуаплыныгъэ фхэлъу фи ӀэнатӀэм фызэрыпэрытым щхьэкӀэ. Шэч къытесхьэркъым фэ Ӏуэхум фызэрыбгъэдыхьэр, къыхэфлъхьэ жэрдэмхэр ерыщу зэрывгъэкӀуатэр Къэбэрдей-Балъкъэрми Урысейми я зыужьыныгъэм сэбэп зэрыхуэхъунур.

Узыншагъэ быдэ, ехъулӀэныгъэ фиӀэну сынывохъуэхъу.

## ● Ацкъан Руслан-75

***Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ я цӀыхубэ усакӀуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща Ацкъан Руслан нобэ егъэлъапӀэ и ныбжьыр илъэс 75-рэ зэрырикъур. Абы ирихьэлӀэу ди газетым къытыдодзэ и гъащӀэмрэ къекӀуэкӀыкӀамрэ ятеухуа и гукъэкӀыжхэмрэ и иужьрей усэхэмрэ:***



- ЩӀэдзапӀэ, курых, кӀэух. Дэтхэнэра абыхэм ящыщу нэхъыщхьэр? А упщӀэм и жэуапым сэ куэд щӀауэ согупсыс...

Пщэдджыжьщ. ЗыкъэзыӀэту хуежьа дыгъэм къигъэхуэба пхъэ дэкӀуеипӀэм сытесщ, си нэр щӀэзукъуанцӀэу уафэм сыдоплъейри. Зы псэхугъуэ гуэр, щхьэхынагъэм хуэкӀуэжу пӀэрэ жыпӀэу, Ӏэпкълъэпкъым итщ. Жэмыр къишу къэзыгъэзэжа ди анэм пхъэ фалъэм изу шэтӀэгъуэбл къызет. Абы сыхофри, фалъэр и щхьэр си дамэм къегъэкъуауэ щыс си къуэш цӀыкӀум ӀэщӀызогъэувэ. Ар жейбащхъуэщи, фалъэр хуэмей-хуэмейуэ сӀех, шэм хофри, дыхьэшхыу щӀедзэ, и Ӏэпэр си дежкӀэ къишийуэ. Ӏуэхур зытетыр къызгурыӀуауэ, сэри содыхьэшх. Шэм абы «къытригъэкӀа пащӀэ хужьым» хуэдэ сэри къыздилъэгъуауэ аращ...

Абдежырауэ къысфӀощӀ псоми я щӀэдзапӀэр.

***(КӀэухыр 4-нэ, 9-нэ нап.).***



# Ди лъахэгъухэр кърагъэблэгъэж

**Тыркум щылажьэ кавказ хасэхэм я федерацэм (КАФФЕД) хэтхэр мы махуэхэм КИФЩӀ-м адыгэ зэрыс и республикэхэм щохьэщӀэ. Ахэр дыгъуасэ ирагъэблэгъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым. ХьэщӀэхэм яӀущӀащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщӀ Мусуков Алий, республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и унафэщӀым и къуэдзэ Къардэн Мурат, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий.**

ЗЭӀУЩӀЭМ хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщӀым и къуэдзэ - КъБР-м и министр **Къуэшырокъуэ Залым**, КъБР-м лъэпкъ Ӏуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкӀэ и министр **КӀурашын Анзор** сымэ. ЗэӀущӀэм хьэщӀэхэмрэ бысымхэмрэ зэрыщызэпсэлъар зэридзэкӀащ КъБР-м лъэпкъ Ӏуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкӀэ и министрым и къуэдзэ **Гергоков Джамболэт**.

**Мусуков Алий** КъБР-м и Ӏэтащхьэ КӀуэкӀуэ Казбек къыбгъэдэкӀыу хьэщӀэхэм фӀэхъускӀэ захуигъэзащ. Абы къыхигъэщащ щӀыналъэм и Ӏэтащхьэр лэжьыгъэ ӀуэхукӀэ къызэрытыр икӀи къахуэзэну Ӏэмал зэримыӀэр.

- Ди гуапэщ фи адэжь хэкум фыкъедгъэблэгъэжыну. Дэ сыт щыгъуи тфӀэфӀу фи Ӏуэхухэм зыщыдогъэгъуазэ икӀи ди зэхуэзэр къэзгъэсэбэпу, КАФФЕД-м и унафэщӀу Улучай Юнал зэрыхахамкӀэ сехъуэхъуну сыхуейт, - жиӀащ Мусуковым. - ФщӀэн щхьэкӀэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэми, социальнэ Ӏуэхухэми кӀуэ пэтми заужь, ӀуэхущӀапӀэщӀэхэр къыщызэӀудох. Иужьрей илъэсхэм щӀыналъэм къилэжьым проценти 7-кӀэ хэдгъэхъуащ, ар ди къэралым дежкӀэ бжыгъэфӀщ. 2030 гъэ пщӀондэ ди Ӏуэхухэр зэредгъэфӀэкӀуэнури дгъэбелджылащ. Ди республикэм икъукӀэ мыхьэнэшхуэ ирет хамэ къэралхэм щыӀэ ди лъахэгъухэм дапыщӀауэ щытыным. Гъэ къэс щӀалэгъуалэр зыгъэпсэхуакӀуэ лагерхэм къыдогъэблагъэ. Къыхэгъэщыпхъэщ Тыркум, Иорданием, Сирием я щӀалэгъуалэр ди еджапӀэ нэхъыщхьэхэм зэрыщедгъаджэри. Хамэ къэралхэм щыщу еджакӀуэ 2150-рэ диӀэщи, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым ди лъахэгъухэм ящыщу щӀэсыр цӀыху 64-рэщ: (Тыркум щыщу 8, Иорданием къикӀауэ 22-рэ, Сирием 34-рэ). СызэреплъымкӀэ, ар икъукӀэ мащӀэ дыдэщ, икӀи дегупсысын хуейщ абы зэрыхэдгъэхъуэным. Апхуэдэуи электрон ӀэмалкӀэ урысыбзэмрэ анэдэлъхубзэмрэ ирагъэджу программэхэр диӀэщ, зэрысщӀэмкӀи, абыхэмкӀэ ди лъахэгъухэм жыджэру я анэдэлъхубзэр зэрагъэщӀэжыф. ЩӀыналъэ унафэщӀхэм къадэкӀуэу, зи гугъу сщӀы Ӏуэхухэм йолэжь Дунейпсо Адыгэ Хасэр. Мы жылагъуэ зэгухьэныгъэм пщӀэрэ щхьэрэ зэриӀэр къигъэлъагъуэу къызолъытэ абы и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий УФ-м и Президентым и деж Лъэпкъ зэхущытыкӀэхэмкӀэ щыӀэ советым зэрыхэтым. СызэрыщыгъуазэмкӀэ, ДАХ-м и ГъэзэщӀакӀуэ комитетым и зэӀущӀэм фыхэтынущ, си фӀэщ мэхъу Урысеймрэ Тыркумрэ я зэпыщӀэныгъэм, ди республикэхэр дызэдэлэжьэным ар сэбэп хуэхъуну.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщӀым и къуэдзэ **Къардэн Мурат** хьэщӀэхэм фӀэхъус ярихащ. Абы жиӀащ ди къэралхэр илъэс куэд хъуауэ Ӏуэхугъуэ зэмылӀэужьыгъуэхэмкӀэ зэпыщӀауэ къызэрекӀуэкӀыр, адэкӀи щэнхабзэ, спорт, экономикэ, нэгъуэщӀ ӀэнатӀэхэмкӀи зэдэлэжьэну зэрыщыгугъыр.

**Улучай Юнал** лӀыкӀуэхэм къабгъэдэкӀыу щӀыналъэ унафэщӀхэмрэ Сэхъурокъуэ Хьэутийрэ фӀыщӀэ яхуищӀащ къызэрырагъэблэгъам, гулъытэ къызэрыхуащӀам папщӀэ. Абы жиӀащ Хэкум къэкӀуэн и пэ, УФ-м и лӀыкӀуэу Тыркум щыӀэ Ерхов Алексей ахэр зэрыӀущӀар икӀи къызытекӀухьа Ӏуэхугъуэхэр зэраубзыхуар. «Дытепсэлъыхьащ ди щэнхабзэ зэпыщӀэныгъэхэм зэрызедгъэубгъуным, ди щӀалэгъуалэр еджакӀуэ къызэрыдгъэкӀуэнум, нэгъуэщӀхэми, - жиӀащ хьэщӀэм. - Фи щӀыналъэм дыкъэкӀуэн и пэ, Адыгеймрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ дыщыӀащ. Ди гъуэгуанэмкӀэ ди мурадыр туризмэм зедгъэужьыным и закъуэкъым, атӀэ дыхуейщ экономикэмкӀи, щэнхабзэмкӀи, егъэджэныгъэмкӀи ди зэпыщӀэныгъэхэр едгъэфӀэкӀуэну. Мыхьэнэшхуэ иӀэу къызолъытэ, ди еджапӀэ нэхъыщхьэхэр зэпыщӀауэ щытыным. Мыбы иужькӀэ иджыри зэ дыкъэкӀуэну дыхуейт адыгэ хьэрычэтыщӀэхэм, депутатхэм щхьэхуэу дахуэзэн папщӀэ. Дыщогугъ ди зэхущытыкӀэхэр нэхъыфӀ хъуну, нэхъ щӀэх-щӀэхыурэ дызэкӀэлъыкӀуэну».

**Сэхъурокъуэ Хьэутий** хьэщӀэхэм яжриӀащ КъБР-м и Ӏэтащхьэ КӀуэкӀуэ Казбек сыт щыгъуи зэрызыщигъэгъуазэр хамэ къэралхэм щыӀэ ди лъэпкъэгъухэм я Ӏуэхум. «Дунейпсо Адыгэ Хасэр къызэгъэпэщыным республикэм и япэ Президенту щыта КӀуэкӀуэ Валерэ и дэӀэпыкъуныгъэ хэлъащ. Абы лъандэрэ сыт щыгъуи ди зэпыщӀэныгъэр зэредгъэфӀэкӀуэнум долэжь, - жиӀащ Сэхъурокъуэм. - ЗэрытщӀэщи, ди лъэпкъэгъухэр нэхъыбэу щыпсэур Тырку Республикэрщ. Дэтхэнэми фӀыщӀэ хузощӀ лъэпкъ щэнхабзэр, анэдэлъхубзэр зэрыфхъумэм папщӀэ».

ДАХ-м и тхьэмадэм щхьэхуэу фӀыщӀэ хуищӀащ Адыгэ щэнхабзэ зэгухьэныгъэхэм я федерацэу Европэм щыӀэм и унафэщӀ Вэрокъуэ Затий жыджэру адыгэ Ӏуэхум зэрелэжьым папщӀэ.

КАФФЕД-м и унафэщӀым и къуэдзэ **Йылмыз Онер** жиӀащ КъБР-м, КъШР-м, Адыгейм я парламентхэм я сайтхэмкӀэ щӀыналъэхэм щекӀуэкӀ Ӏуэхум зэрыкӀэлъыплъыр, арщхьэкӀэ урысыбзэр зэрамыщӀэм къыхэкӀыу гугъу зэрехьыр. «Адыгэ Республикэм и Парламентым и сайтым урысыбзэкӀэ, тыркубзэкӀэ, хьэрыпыбзэкӀэ хъыбархэр зэритыр икъукӀэ ди дежкӀэ мыхьэнэ зиӀэщ. Мы Ӏуэхур адрей республикэхэми зэраубзыхуным дегупсысамэ арат», - къыхигъэщащ абы.

КАФФЕД-м и генеральнэ секретарь **Аталар Омер** жиӀащ Хэкум пыщӀауэ лэжьыгъэхэр егъэкӀуэкӀыныр къалэн нэхъыщхьэу зыхуагъэувыжхэм зэращыщыр. «Ди зэгухьэныгъэр лъэпкъ зэмылӀэужьыгъуэ куэд къызэщӀэзыубыдэ ӀуэхущӀапӀэ нэхъ ин дыдэу щытщи, псалъэм папщӀэ, балъкъэрхэм ящыщ куэдми дапыщӀауэ дадолажьэ. Ӏэмалу диӀэу хъуар къыдогъэсэбэп ди адэжь Хэкумрэ Тыркумрэ я зэпыщӀэныгъэр нэхъ куу тщӀыным», - къыхигъэщащ абы.

ХьэщӀэхэмрэ бысымхэмрэ саугъэтхэмкӀэ зэхъуэжащ. Мусуков Алий зэӀущӀэм и кӀэм къыхигъэщащ Урысеймрэ Тыркумрэ зэхущытыкӀэфӀхэр я зэхуаку зэрыдэлъыр, сыт хуэдэ ӀуэхукӀи зэдэлэжьэну Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрыхьэзырыр. «Ди щӀыналъэм и туризмэм зыужьыныгъэфӀ игъуэтащ. 2023 гъэм зыгъэпсэхуакӀуэ зы мелуанрэ ныкъуэм нэблагъэ диӀащ икӀи хуэдищкӀэ нэхъыбэт и пэ илъэсхэм елъытауэ. Ар щӀыжысӀэращи, ди гуапэу фыкъыдогъэблагъэ зывгъэпсэхунуи. Мыр фи адэжь хэкущ, сыт щыгъуи ди гуапэщ фытлъагъуну. Апхуэдэуи къыхэзгъэщыну сыхуейт фи ехъулӀэныгъэхэми дызэрыщыгъуазэр, Тырку Республикэм пщӀэ къызэрыщыфхуащӀым дызэрырипагэр», - дыщӀигъуащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщӀым.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**




# Зэран къызэрытхуэхъу Iэмалхэр мэбагъуэ

**КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ - КъБР-м и министр Къуэшырокъуэ Залымрэ КъБР-м и Прокуратурэм экстремизмэмрэ терроризмэмрэ пэщIэтыным, лъэпкъ зэхущытыкIэхэм, къэрал шынагъуэншагъэм теухуа законхэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъынымкIэ и къудамэм и унафэщI Шурдым Анзоррэ иджыблагъэ журналистхэм яIущIащ.**

АХЭР тепсэлъыхьащ щIыналъэ унафэщIхэмрэ хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ экстремизмэмрэ терроризмэмрэ пэщIэтынымкIэ республикэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэм, цIыхухэм я шынагъуэншагъэр, жылагъуэ зэпIэзэрытыгъэр къызэрызэрагъэпэщым.

Зэхуэсыр къыщызэIуихым, Къуэшырокъуэ Залым къыхигъэщащ Урысейм Украинэм дзэ Iуэху хэха зэрыщригъэкIуэкIым къыхэкIыу, къухьэпIэ къэралхэм ди Хэкур зэрыхьзэрий хадзэн щхьэкIэ сыт хуэдэ Iэмалми зэрыхуэкIуэр, псом хуэмыдэу хъыбар нэпцIхэр зэрызэбграгъэхыр. «А псор зыхуэунэтIар ди цIыхубэр ягъэшынэу къаруушэ ящIынырщ, ди зэкъуэтыныгъэм зэран хуэхъунырщ. Абы дызэрыпэщIэтыфынур цIыхухэм хъыбар пэжхэр яIэрыдгъэхьэущ. Пэжращ къару зиIэри, дэ аращ дызителъхьэр. Ди лъэпкъ гупсысэхэмрэ Iуэху еплъыкIэхэмрэ хъума хъунымкIэ а Iуэху бгъэдыхьэкIэм мыхьэнэшхуэ иIэщ, - жиIащ Залым. - Мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым щыдогъэзащIэ «2021 - 2025 гъэхэм экстремизмэмрэ терроризмэмрэ зэрыпэщIэтыр» къэрал программэр. Абы къыщыгъэлъэгъуа пщэрылъхэм щIыдгъужащ, СВО-р зэрекIуэкIыр къэтлъытэри. Тхыдэм дриплъэжмэ, фощIэж зэман зэхуэмыдэхэм Урысейм куэд къебгъэрыкIуэу зэрыщытар, ауэ абы зэи зыри къытекIуакъым. Хэку зауэшхуэм и зэманым Гитлер дуней псом щыжиIат Урысейр игъэкIуэдыну зэримурадыр. АрщхьэкIэ ди цIыхубэм я лIыхъужьыгъэм ар фIэкIыфакъым. Нобэ Украинэмрэ КъухьэпIэмрэ зи ужь итри аращ - ди къэралыр зэбграгъэлъэлъыжыныр я хъуэпсапIэу абы щыгъуэм яхузэфIэмыкIа мурадыр ягъэзэщIэнырщ, фашизмэр къагъэщIэрэщIэжынырщ. Абы дыпэщIэтын хуейщ ди къару зэхэдзэкIэ.

Къуэшырокъуэм жиIащ псом нэхъыщхьэу щIалэгъуалэр хъыбар нэпцIхэм пэIэщIэ ящIын зэрыхуейр. «Дэ ди цIыхубэр сыт щыгъуи Iущу, захуагъэм и телъхьэу къекIуэкIащи, къытпэщIэувэхэм я хьилагъэхэри пхыкIынукъым. Украинэмрэ абы къыгуэт къухьэпIэ къэралхэмрэ Урысейм ямыбзыщIу къызэрыпэщIэувар къэплъытэмэ, зэман гъунэгъум экстремизмэмрэ терроризмэмрэ дызэрыпэщIэтым нэхъри делIэлIэнущ», - дыщIигъуащ къэпсэлъам.

Шурдым Анзор жиIащ къаIэта Iуэхум мыхьэнэшхуэ зэриIэр икIи тепсэлъыхьащ прокуратурэм и къалэн нэхъыщхьэхэм. «Дауи, дызэрыт зэманми къару гуэрхэр иужь итщ лъэныкъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ щIыналъэм щытыкIэр щызэщIагъэплъэну, - жиIащ абы. - Ди IуэхущIапIэр псом япэу цIыхухэм я хуитыныгъэхэр зэрахъумэм кIэлъоплъ, уголовнэ Iуэхухэр зэхегъэкI. Иужьрей илъэситхур къапщтэмэ, экстремизмэмрэ терроризмэмрэ пыщIауэ цIыху пщIы бжыгъэхэр ягъэтIысащ. 2023 гъэм республикэм щIэпхъаджагъэ Iуэхуищ щалэжьыну я мураду къызэпыдудащ, абы и пэ илъэсым - Iуэхугъуи 2-м. Апхуэдэ лэжьыгъэм и фIыгъэкIэ республикэм шынагъуэ къыщымыхъуу екIуэкIащ. А Iуэхум хэтащ IэнатIэ щхьэхуэхэмрэ республикэм и МВД-м и къудамэхэмрэ», - жиIащ Шурдымым.

Къэбэрдей-Балъкъэрым уголовнэ Iуэху 13 къыщаIэтащ УФ-м IэщэкIэ зэщIэузэда и къарухэм я лэжьыгъэм зэрыпэщIэуэм теухуауэ. Зыр щэхурылажьэ Iуэхум епхат, тIур - къэралым зэрепцIыжам. Шурдымыр тепсэлъыхьащ иджыблагъэ щIэпхъаджагъэ ялэжьыну зи гугъахэм яхэту ящыщ зыбжанэ Налшык къалэм пэгъунэгъуу зэраубыдам, цIыхуитI зэраукIам.

ЗэIущIэм къыщыхагъэщащ Урысейм къыпэщIэтхэм къэралым зэран къызэрыхуэхъуну Iэмалхэм ящыщу нэхъыбэу телефоныр къызэрагъэсэбэпыр, гъэпцIагъэкIэ щIэпхъаджагъэ гуэрхэр ялэжьыну цIыхухэр къызэрыхураджэр, террорист Iуэхухэм хашэн папщIэ, щIалэгъуалэр къыдахьэхыну зэрыхэтыр. Абы и лъэныкъуэкIэ телефонхэм трагъатхэ джэгу зэмылIэужьыгъуэхэри къагъэсэбэпыф.

Шурдым Анзор къызэрыхигъэщамкIэ, 2023 гъэм къыщыщIэдзауэ хъыбар нэпцIу 200-м нэблагъэ къыщIагъэщащ, цIыху 50-м нэс административнэ жэуапым ирашэлIащ.

Дызэрыт зэманым гулъытэ хэха зыхуащIынухэм я гугъу щищIым, Къуэшырокъуэ Залым жиIащ къалэн нэхъыщхьэу зыхуагъэувыжхэм лъэпкъ фIыгъуэхэр хъумэным ехьэлIа лэжьыгъэ ирагъэкIуэкIыныр зэрыхэтыр. «Сэ сызэреплъымкIэ, цIыхубэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэща хъуным и Iыхьэф I хэлъщ лъэпкъхэм илъэс минхэм къыпхраха я хабзэфIхэр IэщIыб емыгъэщIыным. ЦIыхугъэм и мыхьэнэм, хэкур фIыуэ лъагъунымрэ абы хуэпэжын зэрыхуеймрэ зыщIэ цIыхур Iуэху мыщIагъуэхэм хэшэгъуей хъунущ. Мы зэманым ди щIалэгъуалэр къагъэсэбэпу къэралым зэран къызэрыхуэхъунум куэд йощэ. ЗэрыжытIауэ, сабийхэм къаIэрохьэ хабзэм къемызэгъыу Iуэхугъуэ гуэрхэр ялэжьыну къыхураджэу. Абы къыхэкIыу хъыбар нэпцIхэм дызэрыпэщIэтыным иджыпсту гулъытэ хэха иIэн хуейщ», - дыщIигъуащ абы.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ ислъам диным къигъэувыр зэрахъуэкIыу жылагъуэм еплъыкIэ щхьэхуэхэр зэрыхахьэм и зэран къазэрекIми, лъэпкъ щэнхабзэхэр (къафэр, джэгур, макъамэр, гъуазджэр) IэщIыб зэрыхъуми. «Урысей Федерацэм щыпсэухэр зыщцыщ лъэпкъи яIыгъ дини емылъытауэ Законым къигъэувым дыщытетщ. Къэралым и Конституцэм зыми и хуитыныгъэ къызэпиудыркъым. Къэбэрдей-Балъкъэрым Ислъам институт диIэщи, дин и лъэныкъуэкIэ хамэ къэралхэм щIэныгъэ къыщамылъыхъуэу, абы ди щIэблэр щеджэныр нэхъ сфIэкъабылщ. Къэлъытэн хуейщ нэгъуэщI къэралхэм гупсысэкIэр, диным теухуауэ яукъуэдийр нэгъуэщIу къыщIэкIынкIэ зэрыхъунур», - жиIащ министрым.

Апхуэдэуи ар къытеувыIащ республикэм и нэIэ зытригъэт Херсон щIыналъэм экстремизмэм, терроризмэм епха гуэрхэр къыщымыхъуным хуэгъэзауэ щекIуэкI лэжьыгъэм. Къуэшырокъуэм хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэр къыхуриджащ зэбграгъэх хъыбархэм набдзэгубдзаплъэу хущытыну, цIыхухэм я деж пэжыр нахьэсыну.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*





# Ветеранхэм гулъытэ хуащI

**Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэмрэ къэрал кIуэцIыдзэхэмрэ я ветеранхэм я махуэм теухуа зэIущIэ гуапэ щекIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым ОВД-мрэ ВВ-мрэ я ветеранхэм я советым.**

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэ, полицэм и генерал-майор Крючков Вячеслав, абы и къуэдзэ, полицэм и полковник Бахъуэ Аслъэн, КъБР-м щыIэ МВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэ Мэкъуашэ Руслан, къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм я ветеранхэм я щIыналъэ жылагъуэ IуэхущIапIэм и унафэщI, милицэм и полковник Пыхъ МуIэед, Волгоград областым и Камышин къалэм и ОВД-м и ветеранхэм я Советым и тхьэмадэ Масимов Радим, ветеранхэр.

Хъуэхъу псалъэкIэ ветеранхэм захуигъэзащ Крючков Вячеслав.

- Фэ фщыщ дэтхэнэми фIыщIэ хузощI къытщIэхъуэ щIэблэр гъэсэным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуэфщIым папщIэ. Къалэныр езыхьэкI ди лэжьакIуэхэм ящIыгъуу фэ жыджэру фыхэтщ хабзэхъумэ IэнатIэм пэрыувэнухэр къыхэхыным, зэщIыгъуу профилактикэ Iуэхухэр ивогъэкIуэкI, ди лэжьэгъу хэкIуэдахэм я унагъуэхэм защIывогъакъуэ, - къыхигъэщащ министрым.

АдэкIэ нэхъыфIхэр ягъэлъэпIащ. Я лэжьакIуэхэр хэкупсэу гъэсэнымрэ ветеран зэщIэхъееныгъэм зегъэужьынымрэ хуащIа хэлъхьэныгъэм папщIэ Крючковым ветеранхэм яритащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ МВД-м и щIыхь тхылъхэр. Илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэм, КъБР-м къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и органхэм я ветеранхэм Бахъсэн районым щиIэ къудамэм и Iуэхухэм жыджэру зэрыхэтым, щIалэгъуалэр я IэщIагъэм хуегъэджэнымрэ хэкупсэу гъэсэнымрэ хуащI хэлъхьэныгъэм папщIэ Урысей МВД-м и ветеранхэм я урысейпсо жылагъуэ IуэхущIапIэм и щIыхь тхылъыр, апхуэдэуи «За заслуги» орденыр, «Хэкупсэ гъэсэныгъэм жыджэру зэрыхэтым», «Ветеран зэщIэхъееныгъэм зегъэужьынымрэ гъэбыдэнымрэ хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ» медалхэр иратащ ветеран зыбжанэм.

Пыхъ МуIэед Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ МВД-м и унафэщIхэм фIыщIэ яхуищIащ зэрызыкъыщIагъакъуэм, къыхуащIа гулъытэм папщIэ икIи жиIащ адэкIи екIуу зэрызэдэлэжьэнур и фIэщ зэрыхъур.

**ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.**

# БзаджащIэхэм закъевмыгъэгъапцIэ

**Банк Нэхъыщхьэм къыпсэлъыкI хуэдэу жаIэурэ цIыхухэм зыщыхуагъазэ, ахэр къыщагъапцIэ къохъу. Дауэ-тIэ бзаджащIэхэр къызэрыщIэвгъэщыфынур?**

●АБЫХЭМ банкым и лэжьакIуэхэм я тхылъхэм ещхьхэр, ауэ нэпцIхэр къагъэсэбэп, язынықъуэхэм деж пэж дыдэу абыхэм я сурэтхэмрэ мыхъурхэмрэ тегъэуауэ.

●Дэфтэр нэпцIхэр (унафэхэр, тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр, нэгъуэщIхэри) зэрагъэпэщ. Ахэр икIи гугъущ пэжым къыхэбгъэщхьэхукIыну.

●Телефон номерхэри зэрахъуэкI икIи езыхэми къывжаIэ, фыхуеймэ, абы и пэжыпIэр официальнэ сайтхэм щызэхэвгъэкIыфыну.

●Зэхалъхьэ хъыбархэр зэмыщхьщ, ауэ лэжьакIуэ нэпцIхэм къывэлъэIу хуэдэу защI фи счётым илъ ахъшэр изыдыгъукIыну е фи цIэкIэ кредит къеIызыхыну хущIэкъу гъэпцIакIуэхэр сэтей къащIынымкIэ фадэIэпыкъуну.

●ЦIыхухэр къытрагъэхьэ я ахъшэр хъума хъун папщIэ, я мылъкур Банк Нэхъыщхьэм и «счет шынагъуэншэм» ягъэкIуэну. АрщхьэкIэ, гъэпцIакIуэхэм къыфхуагъэлъагъуэ реквизитхэр езыхэм яйщ. Ахъшэр яIэрыхьа иужь, ахэр мэбзэхыж.

●ЗэвгъащIэ: Банк Нэхъыщхьэм и лэжьакIуэхэр езыхэр зыщIыпIи зэи псалъэркъым – абыхэм фэ зэрызахуэвгъазэм жэуап къратыжыфыну къудейщ. Коммерцэ банкхэм я лэжьакIуэхэри зэи щIэупщIэркъым фи ахъшэм ехьэлIа дэфтэрхэми, бжыгъэхэми, абыхэм бжыгъищ хъууэ фи картэм ит кодри СМС-м кърахари яхэту.

●ЦIыхухэм я ахъшэр яфIэкIуэдынкIэ ягъэшынэ, уголовнэ жэуапым ирашэлIэнкIэ къахуодалъэ е нэгъуэщI Iэмалхэри къагъэсэбэп бзаджащIэхэм. Ахэр щогугъ зэпсалъэр гузавэу хэзэрыхьыным икIи ахъшэр яритыну арэзы хъуным, е езым и картэм теухуа щэхухэр яжриIэну.

●ЗыкъащIэжыным, хъыбарым и пэжагъыр къапщытэным е я Iыхьлыхэм ечэнджэщыным хунагъэсыркъым. Абыхэм зэпымыууэ трагъэчыныхь «лей зытехьэм» телефоныр имыгъэтIылъыну.

●Аращи, фимынэIуасэм ахъшэ гугъу къызэрыригъажьэу трубкэр тефлъхьэж. Iуэхукъым ар хэту жиIами - банкым, МВД-м е ЦБ-м я «лэжьакIуэми».

●ГъэпцIакIуэхэм, Банк нэхъыщхьэм и лэжьакIуэу фэ зытезыгъауэхэри яхэту, куэдрэ зэрахъэ цIыху бжыгъэ куэд къызэщIэзыубыдэ хъыбарыпцIхэр. Абыхэм тегъэщIапIэ ящIынкIэ хъунущ МВД-м, банкым шынагъуэншагъэмкIэ и IэнатIэм, прокуратурэм щылажьэ хуэдэу жызыIэхэри.

●Iуэхур зэхэвгъэкIын папщIэ фи банкым фыпсалъэу зэвгъэщIэфынущ фи дэфтэрхэмрэ ахъшэхэмрэ я Iуэху зыIутыр. Банкым зэрызыпыфщIэну щIыкIэр фи картэм и щIыбагъымкIэ тетщ.

# Адэжь щІыналъэм щохьэщІэ

● Лъэпкъ Іуэху



**Тыркум щылажьэ Кавказ Хасэхэм я федерацэм и унафэщІымрэ абы хэтхэмрэ мы махуэхэм Урысей Федерацэм адыгэхэр зэрыс и хэгъэгухэм щохьэщІэ, Адыгэ Хасэхэм цІыхухэм щахуозэ, республикэ унафэщІхэм йопсалъэ.**

МЫЗЫГЪУЭГУМ гупышхуэу къэкІуа ди лъэпкъэгъухэр япэу къыщыувыІар Мейкъуапэщ. Адыгей Хасэм и тхьэмадэ ЛІымыщэкъуэ Рэмэзан къригъэблэгъа и къуэшхэр япэу ІущІащ Адыгэ Республикэм и ЛІыщхьэ КъумпІыл Мурат. ЗэІущІэм хэтащ Кавказ Хасэхэм я федерацэм и тхьэмадэ Улучай Юнал, абы къыдэлажьэхэр, УФ-м Хамэ къэрал Іуэхухэмкlэ и министерствэм и лІыкІуэм и ІуэхущІапІэу Краснодар щыІэм и унафэщІым и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ Шалимовэ Ольгэ, АР-м и министрхэм я кабинетым хэтхэр, Адыгей Хасэм щэнхабзэмкІэ, егъэджэныгъэмкІэ, хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм запыщІэнымкІэ и къудамэхэм я унафэщІхэр, Дунейпсо Адыгэ Хасэм хэтхэр, нэгъуэщІхэри.

ЗэІущІэм щІидзэн ипэ къихуэу, Тыркум къикІа хьэщІэхэм Адыгейм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм, ухуэныгъэ, егъэджэныгъэ, щІэныгъэ, щэнхабзэ, спорт ІэнатІэхэм щекІуэкІ зэхъуэкІыныгъэхэм, псэукІэр, шынагъуэншагъэр къызэрыщызэгъэпэщам теухуа видео роликхэр ирагъэлъэгъуащ.

АР-м и Іэтащхьэм жиІащ КАФФЕД-м хэтхэм куэд щІауэ зэрапыщІар, зэрызэкІэлъыкІуэр, хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ я зэдэлэжьэныгъэм Урысеймрэ Тыркумрэ я зэпыщІэныгъэр нэхъ быдэ зэрищІыр. КъумпІыл Мурат ехъуэхъуащ иджыблагъэ КАФФЕД-м и тхьэмадэу хаха Улучай Юнал.

- Иджырей Іэмалхэр къэдгъэсэбэпу, къытщІэхъуэ щІэблэм щхьэпэ яхуэхъун зэпыщІэныгъэхэр дубзыхун хуейщ, нэхъри дызэзыпхын Іуэхугъуэхэм дылъыхъуапхъэщ. Хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэ щІалэгъуалэм ящІэн хуейщ ди тхыдэр, ялъагъун хуейщ я адэжь лъахэм къыщыхъухэр, ди ехъулІэныгъэхэм иригушхуэу псэуну игъуэу къызолъытэ, - жиІащ КъумпІылым.

Хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм жылагъуэ мыхьэнэ зиІэ республикэ дауэдапщэхэм - Адыгэ Республикэм и махуэ, Къэрал ныпым и махуэ, зи Хэку къэзыгъэзэжахэм я махуэ, нэгъуэщІ Іуэхухэм - хэтын щхьэкІэ хъыбар зэрырагъэщІэнур, къызэрырагъэблэгъэнур дыщІигъуащ Іэтащхьэм. Адыгейм и телерадиокомпанием и нэтынхэм я фІыгъэкІэ хэкум щыхъыбархэр псынщІэу ялъоІэс хамэ къэралхэм щыпсэухэм. Апхуэдэ дыдэуи Адыгэ къэрал университетымрэ Дюзджэ къалэм дэт университетымрэ зэдолажьэ.

ЗэІущІэм хэтахэм къыхагъэщащ коронавирус уз зэрыцІалэр къемыжьэ щІыкІэ жыджэру зэкІэлъыкІуэу зэрыщытахэр къэублэжын зэрыхуейр, щэнхабзэ зэпыщІэныгъэхэм мыхьэнэшхуэ зэраІэр, ди щІалэгъуалэр зэхъуажэурэ зэрыдгъэхьэщІапхъэр, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Іэмалхэр къагъэсэбэпу, егъэджэныгъэ, турист, лэжьыгъэ ІуэхухэмкІэ зэкІэлъыкІуэн зэрыхуейр.

- Къапщтэмэ, быдэу жысІэфынущ Адыгеймрэ хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэмрэ я зэхущытыкІэм ноби зэрызиужь зэпытыр, си гугъэщ фэ фыкъызэрыкІуар а Іуэхум нэхъри сэбэп хуэхъуну, - къыхигъэщащ КъумпІыл Мурат.

КАФФЕД-м и тхьэмадэ Улучай Юнал Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэм фІыщІэ хуищІащ къахуищІа гулъытэмрэ къуэш хуэдэу зэрыригъэблэгъамрэ папщІэ. Абы жиІащ зи пашэ зэгухьэныгъэм илэжь Іуэхум урысей-тырку зэгурыІуэныгъэр лъабжьэ зэрыхуэхъур.

- Хэкум къэкІуэн и пэ дэ дахуэзащ УФ-м Хамэ къэрал ІуэхухэмкІэ и министерствэм и ІуэхущІапІэу Тыркум щыІэм, Россотрудничествэм я къулыкъущІэхэм. Дэ дызытет къыхуеджэныгъэр «КАФФЕД-м и гупэр Урысейм хуэгъэзащ» гупсысэрщ. ИкІи хуабжьу ди гуапэ хъуащ ди къуэшхэр зэрыс республикэр къыддэлэжьэну хьэзыру къызэрытпежьар, - жиІащ Юнал.

Абы фІыщІэ хэха яхуищІащ Тыркум щІыхъей къыщыхъуам Адыгейм исхэр зэракъуэувам папщІэ, апхуэдэуи къыхигъэщащ а къэралым ис ди къуэшхэр хэкум щекІуэкІ Іуэхухэм набдзэгубдзаплъэу зэрыкІэлъыплъыр, абы и ехъулІэныгъэхэм зэрыщыгуфІыкІыр.

КАФФЕД-м и тхьэмадэм утыку кърихьащ дызыхуэкІуэ илъэсищым а зэгухьэныгъэм ищІэну и мурадхэр. Хэкум ехьэлІахэр жыпІэмэ, адыгэхэр нэхъыбэу щыпсэу хэгъэгухэмрэ КАФФЕД-мрэ проект зыбжанэ зэдагъэзэщІэну я гуращэщ, ахэр теухуащ Тыркум щыІэ адыгэ къуажэхэмрэ хэкум щыІэхэмрэ нэхъри зэпыщІэным, адэжь лъахэм къэзыгъэзэжыну хуейхэм сэбэп яхуэхъуным, анэдэлъхубзэмкІэ конференцхэмрэ курсхэмрэ къызэгъэпэщыным, спорт зэхьэзэхуэхэр зэхэшэным, лъэпкъ ІэщІагъэхэр къыдэкІуэтей щІэблэм щрагъэцІыху Іуэхугъуэхэр къехьэжьэным, хьэрычэт, егъэджэныгъэ, нэгъуэщІ унэтІыныгъэхэмкІи зэдэлэжьэным.

Абы и жэуапу КъумпІылым жиІащ ди къуэшхэм ядэлэжьэныр зэи гулъытэншэ зэрамыщІар, утыку кърахьа Іуэхухэм хэплъэу, щІапхъэхэр зэраубзыхунур, зэрызэгурыІуэнур.

Адыгейм и хьэщІэхэр ирагъэблэгъащ Мейкъуапэ дэт, Пушкиным и лъэпкъ унэмрэ АР-м и Лъэпкъ музеймрэ. А махуэхэм ди лъэпкъэгъухэр ирагъэплъащ Къуиикъуэ Налбий и пьесэм къытращІыкІа «СыволъэІу, сыщІэфлъхьэж!» спектаклым. Адыгэхэм я декоративно-прикладной гъуазджэм щагъэгъуэзащ дыщэидэм хуэІэзэ бзылъхугъэхэу Чэт Сафиет, Гумэ Ларисэ, Джэримыкъуэ Зуретэ сымэ я ІэдакъэщІэкІхэмкІэ.

Адыгэ Республикэм и Театрхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ Ачмыжь Рустам зэрыжиІамкІэ, зэкъуэшхэм я мыпхуэдэ зэкІэлъыкІуэм дунейпсо зэпыщІэныгъэхэр нэхъ егъэбыдэ, зэдэлэжьэныгъэхэр ирегъэфІакІуэ.

- Адыгэ театрыр къапщтэмэ, лъэпкъ, щІыналъэ зэпыщІэныгъэр иригъэфІэкІуэн папщІэ зыми щысхьынукъым. НобэкІэ щэнхабзэ зэпыщІэныгъэр куэдым лъабжьэ зэрыхуэхъур долъагъу, Тырку Республикэм адыгэ куэд зэрыщыпсэур къэплъытэмэ, Іэмал имыІэу дызэрыщІэн, дызэкІэлъыкІуэн хуейщ. Уеблэмэ зэгъусэу зы Іуэху зэдэтщІэным мыхьэнэшхуэ иІэщ. Лъэпкъ театрым и къалэн нэхъыщхьэ дыдэр анэдэлъхубзэр хъумэнырщ, ар гъуазджэм и утыку лъагэм щыгъэІунырщ, - жиІащ Рустам.

Пщыхьэщхьэм Тыркум къикІа хьэщІэхэм я нэгу зрагъэужьащ лъэпкъ къафэмкІэ «Налмэс» къэрал академическэ ансамблым, «Ашэмэз» цІыхубэ ансамблым, «Мыст» адыгэ макъамэмкІэ гупым.

Тхьэмахуэм щІигъукІэ Тыркум къикІа адыгэхэр щыхьэщІэнущ Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Краснодар крайм. Ахэр хэтынущ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ГъэзэщІакІуэ гупым и зи чэзу зэхуэсу Налшык щекІуэкІынум.

Ди лъэпкъэгъухэм хы ФІыцІэ Іуфэм Іус шапсыгъхэм я щыІэкІэ-псэукІэм зыщагъэгъуэзащ Шапсыгъ Хасэм и тхьэмадэ КІэкІыхъу Мэжид иригъэблагъэри. КупщІафІэу махуитІ щагъэкІуащ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэми. Шэрджэс Хасэм и тхьэмадэ Аслъэн Алий я гъусэу ахэр ІущІащ КъШР-м и Правительствэм и УнафэщІ Аргун Мурат.

ХьэщІэхэр дыгъуасэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэсащ.

**НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.**

## Мы махуэхэм

**Мэлыжьыхьым и 20,**
*щэбэт*

♦**Урысейм щагъэлъапІэ Лъызытым и махуэр**

♦**1925 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щІыхь зиІэ и сурэтыщІ **Сындыку Тобий (Анатолэ)**.

♦**1932 гъэм** къалъхуащ режиссёр, УФ-ми КъБР-ми гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Теувэж СулътІан**.

♦**1933 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист **НэщІэпыджэ Ибрэ-хьим**.

♦**1940 гъэм** къалъхуащ УФ-ми КъБР-ми щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, ЩІДАА-м и академик **Джырандокъуэ Михаил**.

♦**1949 гъэм** къалъхуащ «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм и унафэщІ, КъБР-мрэ КъШР-мрэ я цІыхубэ усакІуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Ацкъан Руслан**.

♦**1955 гъэм** къалъхуащ педагогикэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор, УФ-ми КъБР-ми егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Щоджэн Ахьмэд**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 20, жэщым градус 11 щыхъунущ.

**Мэлыжьыхьым и 21,**
*тхьэмахуэ*

♦**УФ-м щагъэлъапІэ щІы-пІэ самоуправленэм и махуэр**

♦**1921 гъэм** Налшык Лъэпкъ музей къыщызэІуахащ.

♦**1925 гъэм** къалъхуащ къэрал къулыкъущІэ, генерал-майор, Иорданием и лІыкІуэу Тыркум, Иракым, Китайм щыІа, Адыгэ ФІыщІэ Хасэм и тхьэмадэу щыта **БырмамытІ Фоуаз**.

♦**1949 гъэм** къалъхуащ УФ-ми КъБР-ми щІыхь зиІэ я артисткэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ артисткэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **ЖьакІэмыхъу КІунэ**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкІэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Махуэм хуабэр градус 18 - 24-рэ, жэщым градус 13 щыхъунущ.

**Мэлыжьыхьым и 22,**
*блыщхьэ*

♦**Экологием къихь шынагъуэм зыщыхъумэным и махуэщ**

♦**1886 гъэм** къалъхуащ бзэщІэныгъэлІ, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ **Елбэд Хьэсэн**.

♦**1942 гъэм** къалъхуащ химие щІэныгъэхэмкІэ доктор, УФ-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, РАЕН-мрэ ЩІДАА-мрэ я академик **МэкІэтІей Абдулыхь**.

♦**1952 гъэм** къалъхуащ урысей географие обществэм хэт, ныбжьыщІэхэм я «Додо Клаб» зэгухьэныгъэм (КъБР) и унафэщІ **Мысырджэн МуІэед**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкІэ, республикэм пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 19, жэщым градус 12 щыхъунущ. ЩІым и малъхъэдис щытыкІэм балли 3-кІэ зихъуэжынущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

**Гъуэмылэр гъуэгум щыхьэлъэкъым.**

## ХъыбарегъащІэ

«Налшык транспорт» муниципальнэ ІуэхущІапІэм къещтэ автобусхэр зэрагъэкІуэну хуит зыщІ «Д» лІэужьыгъуэм хыхьэ дэфтэрхэр зиІэ шофёрхэр, къалэ кІуэцІ уэрамхэм я маршрутхэм щигъэлэжьэн папщІэ.

Улахуэр сом мин 50-м щІегъу, социальнэ пакет Іуэхутхьэбзэм хуэдэри щІыгъущ.

Фыпсалъэ хъунущ мы телефонымкІэ: 8-964-040-20-02.

# ГъащIэр къызэрыбгурыIуэм куэд елъытащ

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).*

Си адэр лIы пхъашэт, Хэку зауэшхуэм лIыхъужьыгъэ щызезыхьахэм ящыщт. Лэжьыгъэр фIыуэ илъагъурт, дэри къалэн зырыз ди пщэм дэлъу дигъэсат. Абы епха гукъэкIыжхэм ящыщщ мыри. Адрей щIалэ цIыкIухэм хуэдэу, сэри сыджэгуну сыхъуапсэрт, си гур псыхъуэмкIэ щыIэт, ауэ а махуэм ди адэм бжыхь ихурти, сыдэIэпыкъун хуейт. Япэ дыдэу стха усэхэм ящыщ зы епхат а гукъэкIыжым, ар мыпхуэдэу иухырт: «Чыхэр хуэсшийт си адэм, сигу пымыкIыу, абыхэм сышэсыну си нэ къикIыу»...

Си адэр куэдрэ си нэгу къыщIохьэ мыпхуэдэу: ар щIым хоплъэ, пхыплъыну хэт фIэкIа умыщIэну. ИужькIэ уафэм ходэIухь, зэми и нэр зэтрипIэу. Апхуэдэм деж сэри уафэмкIэ содаIуэ, ауэ зыри слъагъуркъым икIи зэхэсхыркъым. Нэхъыжьхэм къызжаIауэ сощIэ си адэр зауэм щыгъуэ кхъухьлъатэзехуэхэм зэрахэтар. Езым абы теухуауэ зыри жиIэркъым.

ЩIылъэмрэ уафэмрэ яку щызоуэ си адэм и плъэкIэр, зыми емыщхьыр. Абы жиIэнум сыпоплъэ, ауэ щыму хощэтыкIри, зыщIыпIэкIэ егъазэ. Зэхэуа и нэгум сыщIигъэплъэну хуейкъым. Сэ сысабийщ, иджыри псори къызгурыIуэркъым, ауэ куэдыр псэкIэ зыхызощIэ, зэшыгъуэ мыгурыIуэгъуэ гуэр къыспкърыгъэхьэу.

Илъэсхэр макIуэ, сы сыкъыдокIуэтей, си адэм и гум щызекIуэхэм нэхъри пыщIа сохъу. Мыпхуэдэ зы махуэм иджы си гупсысэр хэтщ, усэм хуэкIуэжу:

**ЩхъуантIагъэр джабэхэм къожэх,**
**кърилэу мащIэу къуршыпс уэрхэр,**
**УкъагъэуIэбжьу зыбгъэзэху,**
**щыщIонэ губгъуэм гъэгъа гуэрхэр.**

Ар дуней псощ. Иджы къызогъэзэж ди къуажэбгъум щыIэ губгъуэм, си адэмрэ сэрэ дызытет лъагъуэм:

**Гъатхэм и мафIэ зэщIэстам**
**и щхьэцыр къызэпхыщри Iугъуэу,**
**сэ нобэ япэу гу лъыстащ**
**жьы сядэр зэрыхъуам имыгъуэу...**

Си адэм епха гупсысэхэр зы гурыщIэ иму зэхохьэж. Абы хэтщ пщIэуэ хуэсщIри, дунейм сызэрытетым щхьэкIэ хуэсщI фIыщIэри, нэгъуэщI Iэджи. Си адэм игъащIэм хэIэтыкIауэ зы псалъэ къызжиIакъым, ауэ псори зэхэсхащ. Зэи сигъэIущакъым, езым дэслъэгъуам и нэхъыфIыр зэрызэхэслъхьэнум и ужь ситащ. Сэ сщIэркъым ар сыт хуэдизу къысхуэарэзыуэ щытами - абыкIэ дауэ сеупщIынт. Езыри адыгэлI нэсти, гурыщIэ зыгъэпщкIуфхэм ящыщт.

ГъащIэшхуэ къигъэщIащ си адэм. Илъэс бгъущIым фIыуэ щыщIигъуами, и акъылыр нэхут, и гупсысэр убзыхуат, и лъым хэт а хьэл быдэри зызмыхъуэжт. Ди иужьрей зэIущIэхэм ящыщ зым иужькIэ стха усэм хэтщ мыпхуэдэу:

**Нэхъыбэм нэкIэ къызоупщI,**
**жэуапыр щызгъэпщкIун симыIэ.**
**И нитIым щIызолъагъуэ гъущI,**
**ара хъунщ езыгъэсыр щIыIэм.**

Ар абы щыгъуэм унэм къыщIэкIыжыртэкъым. Си адэр сфIэгуэныхь хъункIэ хъуну зэи си гум къэзгъэкIатэкъым, ауэ а махуэм схуэмыхъуу а щытыкIэм сихуат, зыхэсщIат псом нэхърэ нэхъ сызыщышынэ гупсысэр. Ар дунейм ехыжа нэужь стха усэм щыщщ мы сатырхэр:

**СощIэ, жыжьэ IукIакъым уэ уи псэр,**
**хуогузавэ утыку кърин ахэм.**
**Къелъэтыхь хьэндырабгъуэ хужьыбзэм,**
**щхьэ къысщыхъурэ ар уипсэрауэ?**

**Зэхихынум, жесIэнт зигъэпщкIуну**
**хьэндырабгъуэ уи гъащIэм пызыщэм.**
**КIуэрэ пэт жэр зищIыну хуей гуэрым**
**ар и лъэгум щихуэныр зым щыщкъым.**

Си адэр сфIэкIуэда нэужьщ дунейм гущIэгъуншагъэ куэд зэрыщызекIуэр нэсу щызыхэсщIар. Ауэ а дунейр фIыуэ сызыгъэлъэгъуари си адэрт...

Си анэр Къазийхэ ящыщт, Ботщей жылэм къыщалъхуат. Ар гугъу ехьу къэтэджат. И адэр щэщIрэ блы гъэм ягъэкIуэдахэм яхэтащ, и анэр Сыбыр ягъакIуэри щыIащ. А псор къызэрыкIар Къазий Къубатий унэшхуэ зэрищIарат. Гугъу ехьу къэтэджами, си анэр цIыху щабэу, тэмакъкIыхьу къэнэжат. Ар къэгубжьауэ слъэгъуауэ сщIэжыркъым. Сабийхэм мыхъун гуэр тщIамэ, «ар фи адэм игу ирихьынкъым» жиIэрти, абы къыфIигъэкIыртэкъым. Дэ ари тхурикъурт, дызэтеувыIэн щхьэкIэ.

Сэ зэрысщIэжрэ си анэр сфIэкIуэдынкIэ сышынэу сыкъекIуэкIащ. ЖэщкIэ сыгузавэу сыкъыщыуш щыIэт. Ар зэрыбауэр зэхэсхти, IэфIу сыжеижт. Апхуэдэу абы сытегузэвыхьащ, псэуху. Ар къыщысщхьэщымытыжыну махуэм егъэлеяуэ сыщышынэрт. Куэдым фIыуэ ялъагъу си 36-нэ сонетыр дунейм къыщытехьам, си ныбжьэгъужь IутIыж Борис си деж къэкIуауэ щытащ, ар егъэлеяуэ зырызыхищIар къызжиIэну. «Уи анэр иджыри псэущ, ар дауэ птхынкIэ хъуа!?» - къызэупщIат. Мыбдеж къыщысхьынут а сонетыр:

**Хэт щыIэр къыдэупщIу дызыхуеймкIэ,**
**дыкъэзылъхуа ди анэ закъуэм фIэкI.**
**Абы тфIэфI псори зэкIэ хузэфIэкIкъым,**
**а гуныкъуэгъуэр псэкIэ кърехьэкI.**

**ЙопщIыхьыр жэщкIэ дянэр къытпэщылъым,**
**блэкIам щыщ Iэджэ игукIэ егъэвыж.**
**Дэ, и шхын IэфIым дыхэIэбэу щытмэ,**
**хуэтщIауэ Iуэхутхьэбзэшхуэ къытщохъуж.**

**Дэ дыщиувэр, диувэххэнум, лIыпIэ**
**ди анэ закъуэр тIэщIэкIа нэужьщ.**
**ПаупщIа бынжэр илъэс Iэджэ ипэ,**
**кърилуэнтIыкIыу, мис абдеж мэуз.**

**Жьэгу мафIэм хуэдэщ анэ лъагъуныгъэр,**
**щIыIэм ущисым дежщ ар къыщыплъыхъуэр.**


**Ацкъан Руслан и щхьэгъусэмрэ и къуэмрэ ящIыгъуу.** *1978 гъэ*

А сонетыр стха нэужь илъэс бжыгъэфIкIэ схуэпсэужащ си анэр. Ауэ а тхыгъэм пыщIауэ мыр си нэгу щIэкIащ. Си анэр уз хьэлъэм иубыдат. Мышхэж, псы емыфэж щыхъум, Iуэхур зыхуэкIуэр къыдгурыIуэри, и бынхэр дызэхуэсыжат, зэрылъ гъуэлъыпIэм дыкъетIысэкIауэ дыщыст. Зы жэщ гуэрым си анэкъилъхухэм сыхагъэзыхьащ, нэху дапщэрэ укъекIа уи напIэ къемыхыу, модрей пэшымкIэ кIуэи тIэкIу зыгъэпсэху, жаIэри. Шэнтжьейм ситIысхьэри си нэр зэтеспIа къудейуэ, си бынжэм узу щIидзащ. Абы хэту си шынэхъыщIэр си дамэм къытеIэбащ. Абы и нэгум сиплъэри, псори къызгурыIуащ...

Ди анэр илъэс зыбжанэкIэ япэ ищащ. Абы иужькIэ ди адэм хуабжьу зихъуэжат - и нэгум къищт псэуну зэрыхуэмеижыр. АитIур къекIуэкIат, я псэр зы чысэм илъщ, жыхуаIэм хуэдэу.

Сэ пасэу усэ тхын щIэздзащ. Си ныбжьэгъухэм сакъыхуеджэрти, ягу ирихьу жаIэрт, стхахэм ящыщ гукIэ зыщIи яхэтт. ИтIанэ, си егъэджакIуэм Мэзкуу иригъэхьри, урысыбзэкIэ стха зы усэ цIыкIу къытрадзат. Абы сытригъэгушхуэри, си Iэрытххэр Налшык сшэуэ ди усакIуэшхуэхэм ящыщ гуэрым езгъэлъагъуну мурад сщIащ. Ауэ хэтыт зэзгъэлъагъунур? А Iуэхум мыпхуэдэу сыбгъэдыхьащ. Дызэреджэ тхылъым ит усакIуэхэм я сурэтхэм сеплъурэ, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм и деж сыкIуэну тезухуащ. Ар цIыху гуапэу къысщыхъуат. Апхуэдэуи къыщIэкIащ. Сыгузавэурэ си мурадыр си адэм щыжесIэм, и гуэныхь сыхуейкъым, къыздиIыгъащ. Сэ иджыри си закъуэу зэи къуажэм сыдэкIатэкъым, ауэ дзыхь къысхуищIащ. ИужькIэщ къыщызгурыIуар абы сыкъызэримыгъэувыIам си дежкIэ иIа мыхьэнэр.

Iэдэм щыпсэур къэзгъуэтри, и бжэм сытеуIуащ. Бжэр цIыхубз лъагъугъуафIэм къыIуихащ. «ЩоджэнцIыкIу Iэдэм сыхуейуэ арат», - жысIащ, зыгуэркIэ къызэупщIынуми хунэзмыгъэсу. СыщIишэри, тхэуэ стIолым бгъэдэс Iэдэм и пащхьэм сригъэуващ. Итхыр зыщIыпIэ нигъэсри, Iэдэм къэтэджащ. «Сытым укъытхуихьа, щIалэфI?» - къызэупщIащ, гуапэу си Iэр къиубыдри. - Усэ къыпхуэсхьауэ арат... - НытIэ хъарзынэкъэ, къысхуеджэт, - жиIэри тIысыжащ. Апхуэдэу щIэсщIар сщIэркъым, игъащIэм урысыбзэкIэ стха зы усэ закъуэм сыкъеджэу щIэздзащ: «Бьется о берег лазурная речка, в комнатах спать улеглась суета. Слышит ущелье, открытое в вечность, как тихо по улицам бродит мечта...»

Iэдэм, умэзэхащ жыхуаIэм хуэдэу, къызэдэIуащ, итIанэ мыр къызжиIащ: «Урыс поэзиер апхуэдизкIэ инщи, абы зыгуэр хэпщIыхьын щхьэкIэ, Пушкиным ехьэ-ехуэу ущытын хуейщ, адыгэбзэкIэ утхамэ мынэхъыфIу пIэрэт?» Сэри сызыхуейр арати, си Iэрытххэр си гуфIакIэм къыдэсхащ. Ахэр сIихри, абыхэм ящыщу ситI езыр зи редактор нэхъыщхьэ «Iуащхьэмахуэ» журналым къытридзауэ щытащ Iэдэм. Абдеж щежьащ литературэм сыхэзыша лъагъуэ цIыкIур. ИужькIэ сыкIуащ усакIуэ цIэрыIуэ Тхьэгъэзит Зубер и деж. Абы и нэIэ къыстету илъэс куэд екIуэкIащ, къуэш сищIауи щытащ...

ГъащIэм и фIыпIэр щIалэгъуэм езыпхыр нэхъыбэщ. Сэри апхуэдэу къыщыслъытэ щыIэщ, ауэ нэгъуэщIу сыщегупсыси къыхокI. Мыбдежым щыпфIокIуэд псоми захуэбгъафIэ щыхъу щытыкIэр, уи дуней тетыкIэмкIэ жэуап пхьын хуейуэ къыщIокI, уэ къыпщыгугъхэри къыкъуокIри, ахэри бгъэщIэхъу хъунукъым. А псор сэ пасэу къызгурыIуат.

Сэ схужыIэнукъым си щIалэгъуэр гугъуехь куэдым пыщIауэ щытауэ, нэгъуэщIхэм ямышэча сшэчауэ. ЗэманыфIым сыхалъхуауэ солъытэ. Сигу ислъхьам и нэхъыбэр згъэзэщIэну Iэмал сиIащ, къэнаIамэ - си къуаншагъэжщ. Школыр медалкIэ къэзухати, сызыхуейм сыщеджэну нэхъ хуитыныгъэ сиIэт, Мэзкуу сыкIуэфынуи щытащ, ауэ ди университетым си бзэр нэхъ кууэ щызджмэ нэхъыфIу къэслъытащ, икIи абы сыхущIегъуэжакъым. А зэманым университетым щIэст иужькIэ ди литературэр фIыуэ ипэкIэ зыгъэкIуэта зыбжанэ. Ахэр занщIэу ныбжьэгъу схуэхъуащ, я фIагъ куэди къызэкIащ.

Си гъащIэм мыхьэнэшхуэ щиIащ 1975 гъэм Мэзкуу щекIуэкIа усакIуэ ныбжьыщIэхэм я зэхуэсым сызэрыхэтам. Абы къэрал псом щыщу ирагъэблэгъар цIыхуищэм нэблагъэ къудейт, сэри, си насыпым къихьри, абыхэм сахэхуат.

Мэзкуу щекIуэкIа зэIущIэм «Современник» тхылъ тедзапIэм си тхылъ къыщыдагъэкIыну унафэ къыщащтауи щытащ, ауэ псом я нэхъыщхьэр абы усакIуэшхуэ куэдым, зэIущIэр езыгъэкIуэкIхэм сазэрыхуэзарщ, я чэнджэщ зэрызэхэсхарщ. А псом и щIыIужкIэ, урыс поэзием и лирик нэхъ лъэщ дыдэхэм хабжэ Шкляревский Игорь абы къыщысцIыхури, къуэш пэлъытэ схуэхъуащ. Ар си деж къакIуэу щытащ. Си адэшхуэм и дыжьын къамэр, къуэш нэхъыжьым зэрыхуэфащэу, абы и блыным фIэлът.

ЩIалэгъуэр гъуэгугъэлъагъуэ хуейщ. Апхуэдэу сиIащ ди тхакIуэшхуэ, си адэм къыдэхъуа Шортэн Аскэрбий. «Си ныбжьэгъужьым и къуэ», - арат Аскэрбий къызэрызэджэр. Абы псалъэ лей къызжиIэртэкъым, ауэ фIыуэ къызэрысхущытыр зыхэсщIэрт - си адэм и фIыщIэ хъунт. Апхуэдэу нэхъыжьыфIу, ущиякIуэ пэжу сиIащ Нало Заури.

Сэ ныбжьэгъугъэм мыхьэнэшхуэ изот, фIыуэ къызгуроIуэ ар зищIысыр. Мыпхуэдэ сатыр сиIэщ: «Ныбжьэгъу жыхуаIэр ныбжь уи гъусэу зыдзырщ». Си ныбжьэгъуфIхэр щIэх-щIэхыурэ си нэгу къыщIызогъэхьэ, абы гухэхъуэгъуэ къызет. Согупсыс: «Сыт къысщыщIами, ахэр сиIэу сыщIэгузэвэн щыIэкъым». Илъэс щэныкъуэм щIигъуауэ си ныбжьэгъуфIхэщ ХьэIупэ ДжэбрэIил, Тут Заур, Бештокъуэ Хьэбас, куэд щIакъым Думэн Мурадин ныбжьэгъу зэрысхуэхъурэ, ауэ абы си гъащIэм зэуэ увыпIэ щхьэхуэ щиубыдащ. Си дежкIэ лъапIэщ адыгэ лъэпкъым куэд хуэзыщIа ХьэфIыцIэ Мухьэмэд. ЦIыхугъэм и щапхъэу сиIэщ сурэтыщI Iэзэ Бгъэжьнокъуэ Заурбэч. Дэтхэнэм и цIэр къипIуэн...

Си ныбжьым нэса дэтхэнэ зыри зэупщIыжу къыщIэкIынщ, «НасыпыфIэу сыщыта?» - жиIэу. Сэ сынасыпыфIэщ, япэрауэ, нобэм къэс сызэрыпсэуамкIэ, си лъэпкъым схузэфIэкI хуэсщIэну Iэмал сызэриIамкIэ, нэмысрэ хабзэрэ зыхэлъ щIэблэ сызэриIэмкIэ. Сызыхыхьа жыыгъэр-щэ? Абыи сыхуэарэзыщ: дуней дахэр сегъэлъагъу, ноби си лъэм сытригъэтщ. ГъащIэр къызэрыбгурыIуэм куэд елъытащ.

СыщыщIалэм щыгъуэ сыщышынэрт жьыгъэм, иджы сыщышынэжыркъым. Си щIалэгъуэм стха усэкIэ сухыну сыхуейт си псалъэр.

## Жьыгъэ

**Гъэгъащи жыгхэр, хъуащ дунейр нэхъ нэху,**
**гуфIэгъуэ куэдым си щхьэр доуназэ.**
**Ауэ гъунэгъущи жьыгъэр, сегъэунэху:**
**къыдоплъ мы гъатхэм иIэмдамэдазэу.**

**Нобэрей махуэм абы зыщеудыгъу**
**хужьыгъэм щIигъэна балийм и щIагъым.**
**ЖызоIэ: «Ди зэIущIэр къыумыдыгъу,**
**сэ сыдехьэхыр уэри уи хужьагъым.**

**Сэ иджыпстукIэ сымыщIэнкIэ хъунщ**
**схуэбгъэхьэзырыр, ауэ си гум къокIыр:**
**уи деж нэсар мынасыпыфIэу хъун,**
**мымащIэ ныппэIэщIэу гъуэгум текIыр.**

**Мы гъатхэм уи сурэтыр щIылъэм щетх,**
**елIалIэу сыщихъумэу гукъэкI щIыIэм.**
**ЩIалэгъуэ закъуэр гущIэм къысфIыщIетхъ,**
**арат сытезышар гъуэгуанэу щыIэм.**

**ИтIани, жыпIэу къыплъыс гъащIэр зыщ,**
**уи нэгур щумыгъэпщкIу гъэгъа къудамэм.**
**ГущIэгъу сыхуейкъым, сыппежьэнщ езыр,**
**арщхьэкIэ хуэму сыпсэуну дауэ?..**


ТхакIуэ ныбжьыщIэхэм я союзпсо зэхыхьэ Москва щокIуэкI.
*1975 гъэ, гъатхэпэм и 23.*


Тут Зауррэ ХьэIупэ ДжэбрэIилрэ я гъусэу.

## АЦКЪАН Руслан

## УсэщIэхэр

* * *

Си лъэпкъэгъу, сыт зыхэлъыр уи лIыгъэр,
ар бгъэлъагъуэ щIэмыхъури сыт?
Абы щхьэкIэ ухуей мафIэ лыгъэ,
къиун хуей, ихьу унэхэр, псы?

ЛIыгъэ нэсщ, пхуэхъумэжмэ уи бзэр,
лIыгъэщ, быным пхухэлъхьэм нэмыс.
Ухьэлэлщ, фIыуэ хъуам ущIохъуэпсыр,
абы щыщу къыплъысыр зырызщ.

Инэхъыбэр уздэкIуэм пIэщIахыр,
ар IупщI дыдэу уи гъащIэм къыхощ.
Уэ езым нэгъуэщI гуэрхэр пIэщIохур,
гъэбэгъуауэ апхуэдэхэр пхощI.

Си лъэпкъэгъу, уэ си дежкIэ ухахуэщ,
къохъурджауэми сэ сащымыщ.
Сэ уэр щхьэкIэ иджы зэзгъэзахуэм
пэлъэщыну си гъащIэр сфIэмыщI...

### Гупсысэгъуэ

1.

Тхьэмпэхэр похужыр, хьэуам щещIэу,
яхэтщ езгъэщхьыжи хъуам ныкъуэс.
Бзухэм хуэдэу лъэтэжыну хуожьэ,
ауэ я гъуэгуанэр щIылъэм нэсщ.

Сыхуеят сэ нэхъ кIыхьыIуэу бжьыхьэ,
ауэ, яху жыпIэну, ари йокI.
ЗэрыкIуэдыжынур щохъу гущIыхьэ,
ибзыщI щхьэкIэ - Iэджи и гум къокI.

СызэплъэкIыу сыщIохьэжыр унэм,
сэ щхьэщыхъ макъым щтэIэщтаблэ сещI.
ЕтIанэгъэ пщIондэ сыпсэуну
бжьыхьэ икIыр къызэлъэIу къысфIощI.

2.

ЙокI щIымахуэр. Къегъэзэжыр гъатхэм,
сыту куэдрэ абы сыпэплъа.
Апхуэдизу щхьэ сыхъуа гумахэ,
сэ щIымахуэ дапщэм сыкъела?

ЩIылъэм щхьэщыт бахъэр ещхьщ Iубахъэм,
губгъуэ гъащIэм сыхишэну хэтщ.
Бахъэм щыщ дэзгъакIуэурэ собауэ,
си щытыкIэр зыхищIэну хэт?

КъыкъуокI гъатхэр дэнкIи, гущIэм къихьэу,
жэщ кIыфIыгъэм къыпхрех гъэгъа.
КъызэрысхуэгуфIэм ар тепщIыхьмэ,
сыкъилъагъужын имыгугъа...

### Сабиигъуэм щыщ

Сэ сылъэпсынщIэт. Ди уэрамыр
си зы зичыгъуэт, сыщIэпхъуамэ.
Сыдэжти къуажэм, сыхъут Iэнкун,
симыIэт адкIэ сыздэкIуэн.

Щыбауэрт адэкIэ си Хэкур,
и бауэ макъыр хыхьэу уэгум.
АбыкIэ сыплъэм, щIыфэр тхытхт.
Зэм хыр Iущащэу зэхэсхынт,
зэм, пшэплъыр езгъэщхьынти жьэгум,
ди унэм си гур хупихынт.

ХуэмыIуэу сэ сызэрыхэхъуэр
зыхэсщIэрт, ещхьу гуныкъуэгъуэм.
КIыхьыIуэу жэщхэр сэ къысщыхъут,
къыщыщIэкIынур дыгъэр згъэхъут.

АрщхьэкIэ дыгъэр къыщIэкIынти
дыгъуасэрейм къыщхьэщымыкIыу,
къызэрыгуэкIыу махуэр кIуэнт.
ар дауэ си гум тезгъэхуэнт?

Иджыри къэскIэ а гурыщIэм
сыпэлъэщакъым, сыт сымыщIэм.
Иджы сэ сыздэкIуэн гъунэжщ -
сызымыутIыпщыр нэхъыбэжщ...

* * *

Псыр йокIуэсэх, пIейтейуэ, хъущIэу,
IуфитI зыхъумэм еныкъуэкъуу.
Ар уэшх къешхыхукIэ къоу фIэфIыжьу,
къарур игъэлъэгъуэным щIэкъуу.

ЯщынэхъкъабзэмИ ерущи,
къытрещIэ губжьым и тхъурымбэр.
Ар икIыхьагъкIэ псыпэщ зэщхьыр,
илъагъукъым фIыуэ къэгъэшыпIэ.

ЗигъэпщкIуу адрей псыр йожэхыр,
ар къахэмыщ и мывэ хужьхэм.
НэгъуэщIхэм мывэ ирахьэхыу
и толъкъун Iэсэхэм ямыщIэ.

Къурш лъапэм тIури къыщежьати,
зэхэлъэдати псынэ къабзэу.
ЩэныфIэщ зыр, адрей мэятэ,
игъэуфIыцIынщ уи гущхьэлъапсэр.

ЗэрымыщIыху а псыежэххэр,
мэпсэухэр, щхьэж зыхуэфIым пылъу.
Иджыри ящIэркъым абыхэм
зэхэхуэжыну къапэщылъу...

* * *

Зы лIы абрагъуэ жылэм дэст,
ар сытым хуэдэуи псэ къабзэт.
Хьэблэ сабийр жыгыщхьэм фIэст,
абы хуэдиз защIыну хъуапсэу.

Ирагъэжьам абы щытхъун,
гушыIэ гуэри щIагъужынут:
«Зэгуэр ар зауэм Iухьэ хъум,
фочышэм япэ къигъуэтынущ».

ГуныкъуэгъуэншэУ уи гугъэнт,
пфIэщIынт лъэIэсу зыщIэхъуэпсым.
Зэригъэзахуэр хэт ищIэнт,
езыр ин щхьэкIэ, махэт и псэр.

Ар хэщIри, хъуащ уэрамхэр нэщI,
зэшыгъуэр пщIантIэ къэс къыдоплъыр.
Иджы а жылэр сыту ещхь
зыгуэрым зэпымычу пэплъэм...

* * *

Дотхытхыр уафэм и куuagъым
си щIыфэ псоми есэжар.
Сыкъуэплъэу вагъуэхэм я къуагъым
слъэгъуарэт сэ къысщабзыщIар.

Нэху здэщым ахэр йокIуэтыжыр,
загъэзэу уэгум имыкIыж.
Щхьэж здэщытар къысхуэгъуэтыжкъым,
къысхуагъэнащ гупсысэ кIыхь.

Сыпсэум щIылъэм нэхъ пыщIауэ
нэхъыфIу сэ къызолъытэж.
АрщхьэкIэ щIыри уафэ щIагъым
Хоплъызэ. Пэжыр къэгъуэтыж...

* * *

ЩIыху гъащIэр махуэ иримыкъу,
содзыхэ, ар къыщызгурыIуэм.
Си нэгу къыщIохьэ гъуэгурыкIуэ,
ар сэрмырауэ си фIэщ мыхъу.

Абы и гугъэр япэ йощ,
кIэнауи, Iуащхьи зэпиупщIу.
Солъагъу ар зытеувэр IупщIу,
зэгупсыс псор си гущIэм къощ.

МыдаIуэу гъуэгухэр зэрехъуэкI,
арт сымыщIамэ зыхуэзэнур.
Сыхэтрэ пэт къезгъэгъэзэну,
зы Iэмал закъуи хуэзмыгъуэт...

* * *

ХэдэIукI зэпыту макIуэ жэщыр
абы и гум илъыр къэщIэгъуейщ.
Сэ содаIуэ жыгхэм къаIущащым,
гухэлъ щэху сыщIагъэдэIу нэхъей.

Къос си деж и макъыр псыежэхым,
сабиигъуэм къыщызнарэ пэт.
Уэгум итщ зэхэкI-зэхыхьэу пшэхэр,
ахэр гъащIэр здэкIуэм и щыхьэтщ.

Куэдщ щхьэусыгъуэр, сэ нэщхъей сыхъунум,
сыщIэгуфIэжынри Iэджэ хъунщ.
Макъыу дунейм тетыр зэхэсхынут,
щIылъэм хужьымыIэр дэнэ схьын?..

* * *

ЗыхузэфIэкIыр сытри езэшам,
псэхугъуэ щигъуэтынур зыщIэр хэт.
Дунейр зыIэщIэлъ уафэр псы инам
къыхэгъуэлъхьауэ, згъэзыжри хэлъщ.

* * *

Сыджалэм сыт, сытэджыжынщ,
иувэжынщ дунейри и пIэ.
СыхуэкIуэу бгыщхьэм сежьэжынщ,
ириIэу пшэр лъы къикIым си пэм.

Бгым адкIэ щыIэм согупсыс,
абы хыхьэну псэр мэхъуапсэ.
Еша мы си гур мэкIэзыз,
ещхь тепыIэншэми сыхъуащ сэ.

ЗищIысыр зым къыхуэмыщIэн
къэна къарур схуэзыгъэбагъуэр.
Сызэрынэсу щыгу пIыщIам,
ар псылъэ ещIыр си Iубахъэм.

Иужь лъэбакъуэр псом нэхъ тыншт,
къысщIэIунщIащ зыгуэр жыпIэну.
Ныбжь идзу бгъэшхуэ мэлъэтэж,
зиIэту сэ къызэплъэкIуэну.

Къыспэплъэ мывэхэр зэхэтщ,
хэт сфIощI нэщхъей, хэт къысхуогуфIэ.
Къэхъунур адкIэ зыщIэр хэт,
иджыкIэ бгыщхьэм сыщогувэ...

# ЩІыхь зыпылъ гъуэгуанэ

● Япэ итахэр

**Лъэпкъ щІэныгъэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщІа адыгэ еджагъэшхуэхэм ящыщщ филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, Урысей Федерацэм, Адыгэ Республикэм щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ академием и академикыу, УФ-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм хэту щыта Щхьэлахъуэ Іэбубэчыр АдэщІэс и къуэр (1929 - 2018). ГъащІэ кІыхь, купщІафІэ къигъэщІащ абы, къызыхэкІа адыгэ лъэпкъым хуэщхьэпэн, мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ гъэнщІауэ. Псом хуэдэжкъым щІэныгъэлІым адыгей литературэм къикІуа гъуэгуанэр джынымкІэ зэфІиха лэжьыгъэшхуэхэр. Лъэпкъ еджагъэшхуэр къызэралъхурэ мы махуэхэм илъэс 95-рэ ирокъу.**



ЩХЬЭЛАХЪУЭР Адыгэ автоном областым хыхьэ Тэучэж районым и Уэчэпщей бжьэдыгъу адыгэ къуажэм 1929 гъэм и мэлыжьыхь мазэм къыщалъхуащ. Псэкъупс псым и Іуфэм етІысэкІа жылэм къыщыхъуа Іэбубэчыр, насып вагъуэм и нурыр зытепсауэ зыхужаІэ щІалэ цІыкІур, къэтэджащ узыншэу, жану, акъылыфІэу. Лъэпкъ тхыдэм, хабзэм, ІуэрыІуатэмрэ литературэмрэ дахьэх щІалэщІэм, зэрыжаІэжымкІэ, жылэм дэс лІыжь жьакІэхухэм ящыщу зи цІэр имыщІэ яхэмытми ярейт. Іэбубэчыр щІэх-щІэхыурэ яхыхьэрт абыхэм, епсэлъылІэрт, адыгэм къикІуа тхыдэ гъуэгуанэм теухуауэ нэхъыжьхэм къаІуэтэж хъыбархэм набдзэгубдзаплъэу едаІуэу. ЛІыжь хъыбархэм ящыщу дэтхэнэри хуабжьу зыфІэхьэлэмэт щІалэр иужькІэ абыхэмкІэ ядэгуэшэжырт и ныбжьэгъухэм, ахэри зыщыщ лъэпкъым и къекІуэкІыкІам дригъэхьэхыу.

Жылэм дэт еджапІэр ехъулІэныгъэкІэ къиухри, Щхьэлахъуэр 1947 гъэм лъэпощхьэпоуншэу щІэтІысхьащ Адыгей къэрал педучилищэм. Абы щызригъэгъуэта щІэныгъэм иужькІэ щыпищащ Адыгей къэрал университетым филологиемкІэ и факультетым. ЩІэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэта щІалэщІэм 1957 гъэм егъэджакІуэу лэжьэн щыщІидзащ АКЪУ-м. ЗэфІэкІ лъагэ зыкъуэлъу зыкъэзыгъэлъэгъуа ІэщІагъэлІ ныбжьыщІэр университетым и егъэджакІуэ нэхъыжьхэм я чэнджэщкІэ щІэтІысхьащ СССР-м ЩІэныгъэхэмкІэ и Академием Руствели Шотэ и цІэр зезыхьэ, Куржы литературэмкІэ и институтым и аспирантурэм.

Зэрихабзэу, аспирантурэри 1960 гъэм ехъулІэныгъэкІэ къиухащ Щхьэлахъуэм икІи и зэфІэкІми бгъэдэлъ щІэныгъэми хигъэхъуауэ щалъхуа щІыналъэм къигъэзэжащ. Куэд дэмыкІыу ар ирагъэблэгъащ Адыгэ Республикэм Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым. ІуэхущІапІэм и щІэныгъэ лэжьакІуэу щІэзыдза Щхьэлахъуэр ІуэрыІуатэмрэ литературэмкІэ и къудамэм и ІэщІагъэлІ пажэ, иужькІэ абы и унафэщІ хъуащ. А ІэнатІэм и пашэу щыту, Щхьэлахъуэм къэхутэныгъэ хьэлэмэт куэд иригъэкІуэкІащ. Ахэр лъабжьэ яхуэхъуащ абы и кандидат, доктор лэжьыгъэхэм, щІэныгъэ тхыгъэхэм, тхылъхэм. Щхьэлахъуэращ япэ дыдэ къэзыхутар XIX лІэщІыгъуэм адыгэхэм жьэрыІуатэ литературэ зэраІар. А лъэхъэнэм псэуа адыгей усакІуэшхуэу 12-м я гъащІэмрэ творчествэмрэ ятеухуа очеркхэр, нэгъуэщІ тхыгъэ хьэлэмэтхэр зи къалэмыпэм къыпыкІа щІэныгъэлІым хузэфІэкІащ гъащІэмрэ литературэмрэ я зэпыщІэныгъэр абыхэм къыщигъэлъэгъуэн.

Литературэ критик Іэзэм, лъэпкъ литературэмрэ ІуэрыІуатэмрэ джынымкІэ зэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлъа щІэныгъэлІым, зэдзэкІакІуэ ІэкІуэлъакІуэм къыдигъэкІа щІэныгъэ тхылъхэм, тхыгъэхэм ящыщ дэтхэнэри удэзыхьэхщ, бзэ дахэкІэ, шэрыуэкІэ тхащ. Хуабжьу купщІафІэщ щІэныгъэлІым 1988 гъэм къыдигъэкІа «Адыгей литературэм и идейно-художественнэ увыкІэр» лэжьыгъэр. Апхуэдэу Іэбубэчыр и къалэмыпэм къыпыкІауэ Литературэ ЩІэнгъуазэ КІэщІым (КЛЭ), Совет ЩІэнгъуазэ Иным (БСЭ) ихуащ адыгей литературэм, абы и тхакІуэхэм, усакІуэхэм ятеухуауэ игъэхьэзырауэ щыта тхыгъэхэр.

Псори зэхэту къапщтэмэ, Щхьэлахъуэм итхащ щІэныгъэ статьяуэ 400-м щІигъу, тхылъ щхьэхуэу 30-м нэс, монографие купщІафІэхэри хэту. Апхуэдэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэ инхэм къадэкІуэу Іэбубэчыр гулъытэшхуэ хуищІащ щІалэгъуалэр щІэныгъэм къыхэшэным. Абы и унафэм щІэту кандидат, доктор диссертацэху ягъэхьэзырахэм я бжыгъэр куэд дыдэ мэхъу. КъинэмыщІауэ, щІэныгъэлІым итхащ адыгэ литературэр курыт школхэм зэрыщадж тхылъхэр, студент-филологхэм папщІэ зэреджэ пособиехэр, адыгэ литературэр зэрыджыпхъэ программи зэхигъэуващ.

Щхьэлахъуэ Іэбубэчыр апхуэдэуи жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэт. И щІалэгъуэм щыгъуэ абы ирихьэкІащ комсомолым, партым епха ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэхэр. Хэкупсэ нэсыр Адыгэ Республикэм япэу къыщызэрагъэпэща Совет Нэхъыщхьэм и депутату щытащ илъэситхум щІигъукІэ. Щыналъэм и Адыгэ хасэм и жэрдэмщІакІуэу, илъэсиблкІи абы и пашэу щытащ. Адыгэхэм ди жылагъуэ зэгухьэныгъэ нэхъ ин дыдэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, и Тхьэмадэуи лэжьащ 1993 - 1996 гъэхэм.

ГъащІэм и лъэныкъуэ куэд къызэщІэзыубыдэ апхуэдэ зэфІэкІышхуэхэр зыбгъэдэлъа Щхьэлахъуэ Іэбубэчыр къэрал, жылагъуэ гулъытэ лъаги игъуэтащ. Абы къыхуагъэфэщауэ щытащ щІыхьыцІэ лъагэхэр, къэрал дамыгъэ лъапІэхэр, щІыхь, фІыщІэ тхылъхэр. АР-м и Президентым и Унафэм тету, Щхьэлахъуэм къратауэ «Адыгейм и щІыхь» медалыр. Ар Адыгэ Республикэм ЩІэныгъэмкІэ и къэрал саугъэтым и лауреатт. НэхъыжьыфІым, жылагъуэ лэжьакІуэшхуэм пщІэ хуащІу фІащауэ щытащ Адыгейск къалэм, Тэучэж районым, Уэчэпщей, Аскъэлей бжьэдыгъу адыгэ къуажэхэм щІыхь зиІэ я цІыху цІэ лъапІэхэр.

Унагъуэ дахи и щІыбагъ къыдэтащ Щхьэлахъуэм. Абырэ и щхьэгъусэ Светланэрэ зэдагъуэтащ, зэдапІащ, гъащІэм гъуэгу пэжым щытрагъэуващ я бынхэу Аслъэн, Заремэ, Заретэ сымэ. ЩІэныгъэфІрэ ІэщІагъэ дахэрэ зэзыгъэгъуэта быныр мэпсэу, нэхъыжьыфІхэм я гъащІэр я гъуазэу, ахэр къащІэхъуэ щІэблэм щапхъэу хуагъэлъагъуэу.

Адыгэ дунейм щыцІэрыІуэ лъэпкъ еджагъэшхуэм и лъэужьыр хэгуэщакъым. Ноби мыхьэнэшхуэ яІэщ абы къыдигъэкІа тхылъхэм, Іуэху зехьэкІэрэ гупсысэу иІахэр иджыри куэдым я гъуэгугъэлъагъуэщ, я гъуазэщ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

## Зэпеуэ къызэрагъэпэщ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ МВД-м Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм ирихьэлІэу иригъэкІуэкІынущ «Полицейский дядя Стёпа» сабий творчествэмкІэ урысейпсо зэпеуэм и щІыналъэ Іыхьэр.**

ХАБЗЭ хъуа Іуэхур КъБР-м щыІэ МВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым и лІыкІуэхэр ящІыгъуу ирагъэкІуэкІынущ, хэтынухэр я ныбжькІэ гупищу гуэшауэ: илъэси 6 - 8; илъэси 9 - 11; илъэс 12 - 14.

2024 гъэр Унагъуэм и илъэсу зэрагъэувам къыхэкІыу, зэпеуэм хэтынухэм хуагъэлъагъуэ я ІэдакъэщІэкІхэр абы траухуэну, жьэгу пащхьэм и лъапІэныгъэхэр, полицэм къулыкъу щызыщІэхэм я унагъуэхэр къыхэщу. Ныбжьыщіэхэм я лэжьыгъэхэр къыхащІыкІ хъунущ щэкІым, пхъэм, пластилиным, нэгъуэщІхэми.

ЩІыналъэ зэпеуэм лэжьыгъэ нэхъыфІу 3 къыщыхахынущ.

Зэпеуэм хэтыну гупыж зыщІхэм езыхэм ятеухуа тхыгъэ кІэщІыр (и унэцІэр, и цІэр, и адэцІэр, сабийм и ныбжьыр, зэкІуалІэ сабий садым е школым теухуар, и телефоныр) ирагъэхь хъунущ щыпсэу щІыпІэм щыІэ Урысей МВД-м и щІыналъэ ІэнатІэм.

Район Іыхьэм щытекІуахэм я ІэдакъэщІэкІхэр 2024 гъэм накъыгъэм и 5 пщІондэ къыщыІахынущ КъБР-м щыІэ МВД-м и ОИОС-м. Сыт хуэдэ упщІэмкІи фыпсалъэ хъунущ 49-54-63 телефонымкІэ.

**БАХЪСЭН Азэмэт.**

● Узыншагъэ





# Лимфэм и лэжьыгъэр зэтрагъэувэжыф

**Дон Іус Ростов къалэм Лыш узыфэхэмкІэ и щІэныгъэ-медицинэ ІуэхущІапІэм ехъулІэныгъэщІэ иІэщ: бгъэ лышхыр операцэ ящІа нэужь лимфэм и лэжьыгъэр зэтеублэжынымкІэ Урысейм и ипщэ щІыналъэхэм ящыщу сымаджэхэм еІэзэн япэ дыдэу щыщІадзащ абы.**

АПХУЭДЭ операцэхэр ирагъэкІуэкІыфын папщІэ ІуэхущІапІэм зригъэпэщащ лъынтхуэ нэхъ псыгъуэ дыдэхэр хуиту узыгъэлъагъу микроскоп. ЗэрыжаІэмкІэ, «Узыншагъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ къащэхуащ а Іэмэпсымэр.

Бгъэ лышхыр къыщыхагъэжым деж дохутырхэм Іуахыр ар зыхищІа пкъыгъуэм и закъуэкъым, атІэ, блэгущІэмрэ абы и Іэхэлъахэмрэ хэлъ лимфэхэри хах. Апхуэдэ операцэм иужькІэ сымаджэм и дамащхьэр хуэмыгъэхъейуэ, и Іэблэхэр бэгыу, ундэрабжьэу, тэмэму къыдэмыбзу къонэ. Ростов щІэныгъэ-медицинэ ІуэхущІапІэм щаубла операцэщІэм и фІыгъэкІэ, дяпэкІэ зи бгъэм лышхыр къыхагъэжыну сымаджэхэм апхуэдэ гуныкъуэгъуэ яІэжынукъым. КъищынэмыщІауэ, илъэс-илъэситІ ипэ операцэ ящІауэ зи лимфэхэм я лэжьыгъэр зэтекІахэми сэбэп яхуэхъуфынущ ахэр.

- Псом япэу сымаджэм и лимфэхэм я лэжьэкІэр къыдолъытэ. Уз хьэлъэм зэтрикъута лимфэ системэм зы лимфэ закъуэ лажьэу хэтмэ, абы и лэжьыгъэр зэтедублэжу и дамащхьэхэм, Іэблэм, Іэм къефыкІ нькъусаныгъэхэр щхьэщытхыфынущ. Ди микроскопыщІэр къэдгъэсэбэпурэ миллиметр 0,2-0,3 фІэкІа мыхъу лъынтхуэхэм долэжьыф, - жеІэ Дон Іус Ростов къалэм Лыш узыфэхэмкІэ и щІэныгъэ-медицинэ ІуэхущІапІэм и онколог Аушевэ Татьянэ.

Гу лъытапхъэщи, дызытепсэлъыхь операцэр ирагъэкІуэкІын папщІэ дохутырхэм сымаджэр ягъэмэхыркъым, атІэ зэлэжьыну щІыпІэхэр ягъэдийщ, зы сантиметр зэбгъузэнатІэ нэхъ ин мыхъуу зэгуагъэжри, лимфэр зэрызекІуэ лъынтхуэхэмрэ абы къыбгъурылъ лъыр зэрызекІуэ лъынтхуэхэмрэ зэпадэри, лэжьыгъэр зэтраублэж. Абы и фІыгъэкІэ, махуитІщы зэрыдэкІыу, бэгар мэтІысыж, ундэрабжьэри хокІыж.

- Зи гугъу тщІы операцэм хуэдэ цІыхубзи 5-м яхуэтщІагъэххэщ. Псоми я Іэблэ бэгар тІысыжащ, къеныкъуэкъуу щыта ундэрабжьэри хэкІыжащ, я дамащхьэмрэ Іэблэмрэ нэхъ хуиту зекІуэ хъужащ. Ар ехъулІэныгъэшхуэу къыдолъытэ. Сыту жыпІэмэ, бгъэ лышхыр операцэ ящІа нэужь, зэпыупщІа лимфэм псыр тэмэму зримыгъакІуэурэ, бзылъхугъэхэм я Іэблэхэр зэщІэбагэурэ гугъу йохь. Мы операцэм и фІыгъэкІэ апхуэдэ щыІэжынукъым дяпэкІэ, - жеІэ центрым и унафэщІ Кит Олег.

Гу лъытапхъэщ апхуэдэ операцэхэр Урысейм и цІыхухэм пщІэншэу зэрыхуащІыр.

**ФЫРЭ Анфисэ.**




# Вавилон

Вавилон, Вавилонием и къалащхьэр (иджыпсту Иракым и Іэшэлъашэм хеубыдэ), зыухуауэ щытар пащтыхь Навуходоносор ЕтІуанэрщ. Ар зэманкІэ зыхуэзэр ди эрэм и пэкІэ VI лІэщІыгъуэрщ. А лъэхъэнэм къалэ дахащэу икІи бейуэ щытащ Вавилон. Къалэм дэт уардэунэхэмрэ члисэхэмрэ къаухъуреихьырт метр 18 зи лъагагъ, километр 13 зи кІыхьагъ блынхэм.

XIX лІэщІыгъуэм щІыр къыщатІым къалэ ухуэныгъэхэм щыщу къагъуэтыжар Вавилон и куэбжэ абрагъуэрщ. Абы зэреджэр Иштарт.

Навуходоносор щхьэгъусэ ищІауэ щытащ пащтыхьыпхъу Амитис. Ар и хэкум щыІэ бгыхэмрэ къырхэмрэ хуэзэшырти, Навуходоносор унафэ ищІауэ щытащ и пащтыхь гуащэм и хэкур игу къэзыгъэкІ жыг хадэхэр хухасэну. Ахэр иужькІэ цІэрыІуэ хъуащ «Семирамидэ и хадэ фІэдзакІэ» еджэу. Апхуэдэу щІыжаІэр жыгхэр бгым тету къыпщигъэхъуу террасэхэм трасати арат. Абыхэм механизм зэтеублакІэ псы щІагъэлъадэрт, нэхъ гъунэгъуу ежэх псым къыхашурэ.

Нэхъ пасэм Семирамидэ и хадэ фІэдзар дунейм и телъыджиблым хабжэу щытащ.



## ● Ухуэныгъэхэр



# Китай блын уардэ

Цинь къэралыгъуэм и пащтыхь хъуа нэужь, Чжень (ди эрэм и пэкІэ 259-219 гъ.гъ.) езым и унафэм щІэту Китайр зэкъуигъэуващ. Абы цІэуэ зыфІищыжащ Цинь Ши Хуанди - «Китайм и япэ пащтыхь» къикІыу.

Китайр къытеуэ бийхэм ящихъумэн папщІэ Цинь Ши Хуанди блын абрагъуэ иухуэну мурад ищІащ. ПщылІхэр, тутнакъэщым исхэр, мэкъумэшыщІэхэр залымыгъэкІэ ирахулІэрт а лэжьыгъэ къызэрымыкІуэм. А блыныр яухуэху цІыху мин куэд хэкІуэдащ.

Китай блын уардэр цІыхум и ІэкІэ ищІа ухуэныгъэ нэхъ ин дыдэу дуней псом къыщалъытэ нобэр къыздэсым. Къыхэгъэщыпхъэщ а блыныр и къалэн нэхъыщхьэм зэрыпэмылъэщар, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, абы зыбжанэрэ бийхэр къыщхьэпрыкІыфащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, монголхэм я Іэтащхьэ Чингисхъан блыныр зыхъумэ зауэлІхэр ІулъхьэкІэ къищэхури, и дзэр и гъусэу Китайм теуауэ щытащ.

Китай блын уардэм и кІыхьагъыр километр 6320-рэ мэхъу, и бгъуагъыр метри 4,5-м щегъэжьауэ метр 12-м нос.

**КЪЭБАРТ Мирэ.**

## ● Псалъэжьхэр

### Къэмыфэфым пшынауэм трелъхьэ

- **Фо нэхърэ жей нэхъ ІэфІщ.**
- **Узылъыхъуэр лъапІэ мэхъу.**
- **Къуийм и пыІэ щыгъупщэркъым.**
- **КъэзыгъэкІри зышхыжри уэрщ.**
- **МащІэр гуапэщ, гуапэр псапэщ.**
- **Къэзыдыгъур зы гуэныхьщи, зыфІадыгъур гуэныхьищэщ.**
- **Нэфым и нэм хихар и гум хелъхьэж.**
- **Къэзыхь зышхыж бей мэхъу.**
- **Къалэн зыщыпщІыжыр къалэн пхуохъу.**
- **Псы джэд псым итхьэлэркъым, мэлыхъуэхьэ дыгъужьым ихьыркъым.**
- **Пщэдджыжь хьэщІэ гъэхьэщІэгъуафІэщ.**
- **Къэмыфэфым пшынауэм трелъхьэ.**
- **Уэдыр Іушэщи, пшэрыр дахэщ.**
- **Унэм зыщыгъаси Хасэм яхыхьэ.**
- **Гурэ гурэ лъагъуэ зэхуаІэщ.**
- **Мардэ зимыІэ щыІэкъым.**
- **Узахуэмэ - ухейщ, ухеймэ - улъэщщ.**
- **Зым ищІэр щэхущи, тІум ящІэр нахуэщ.**
- **НэфІэгуфІэ и нэ дыщэ ІуэнтІа щІэлъщ.**
- **Узыхэдэн щымыІэмэ, щыІэр къыхэх.**
- **УмыгъэтІылъ къэпщтэжыркъым.**
- **УмыщІэм ущІэупщІэныр емыкІукъым.**
- **ЦІыхуфІ и тхьэкІумэ дэгущ.**
- **Чэнджащэ щыуэркъым.**

ЛыпцІэр зэпаупщІ г 35 - 40 хъууэ. Адыгэ бжьын плъыжь цІыкІур яукъэбз, лыри бжьынри псы щІыІэкІэ ятхьэщІри, дзэху тепщэчым иралъхьэ, шыгъу, шыбжий сыр хаудэри, фІыуэ зэІащІэж. И щхьэр тепІауэ щІыІапІэм деж щагъэт дакъикъэ 15 - 20-кІэ. ИтІанэ лы тыкъыр цІыкІухэри бжьынри хъыдан гъущэкІэ ялъэщІ. Щагъэжьэнум и деж япэщІыкІэ дзасэм лы тыкъыр фІалъхьэ, итІанэ бжьын псо, апхуэдэурэ дзасэм фІэз ящІ, и кІэ дыдэм фІэлъын хуейр лы тыкъырщ. Пхъэ мафІэ дэпкІэ, дзасэр ягъэкІэрахъуэурэ, ягъажьэ, лыр хьэзыр, тхъуэплъ дахэ хъухукІэ. Дзасэм къыфІалъэфри, пщтыру тепщэчым иралъхьэ.

## ● Шхыныгъуэ

# Адыгэ лы гъэжьэкІэ

Дашх пІастэ, мырамысэ, чыржын, хьэлІамэ, щІакхъуэ. Шэ хуабэ трафыхьыж. Сэбэпышхуэ яхуохъу псчэрейхэм, Іупс бзаджэ зиІэхэм, щІыІэ зыхыхьахэм.

*Халъхьэхэр (цІыхуитІ Іыхьэ):*

мэлылу - г 250-рэ, адыгэ бжьын плъыжь цІыкІуу - г 150-рэ, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

***«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.***

## ● Чэнджэщхэр

# ЩІэщыгъуэр гуакІуэщ

- **ФІыщІэ зыхуэфащэр цІыхум Іейуэ хэлъыр зыгъэмащІэу фІыуэ хэлъыр зыгъэбагъуэрщ.**
- **Хьэ пэтрэ, щыбгъэкІмэ, хэплъыхь ещІ.**
- **ЦІыху зи жагъуэ къулейсызщ.**
- **Щхьэщытхъум и пщІэр жыжьэ нэсыркъым.**
- **ЩІэщыгъуэр гуакІуэщ, щІэщыгъуэр ІэфІщ.**
- **Лъэужь дахэ дунейм къытебнэмэ, цІыхум уи цІэр ягъэлъэпІэнщ.**
- **НэгъуэщІым бампІэ тезылъхьэр езыр бампІэм ехьыж.**
- **МыхъумыщІагъэр зи нэрыгъым и гъащІэр кІэщІщ.**

ГУБЭЩІЫКІ Владимир.

## ● Іуэху еплъыкІэ

# Нэхъ тынш хъунущ



ТхыгъэкІэ зэІэпах хъыбархэр - мессенджерхэр - бжыгъэр зи лъабжьэ ІуэхутхьэбзэхэмЯщыщу нэхъ псынщІэ дыдэу зызыужь лІэужьыгъуэщ. «Ромир» къэхутакІуэ холдингым иригъэкІуэкІа къэпщытэныгъэм къигъэлъэгъуащ ар. Урысейм ис цІыхухэм я процент 80-м нэхъ къащтэ мессенджерыр къагъэсэбэпыну, процент 70-м къызэралъытэмкІэ, ар дяпэкІэ цІыхухэр зэрызэрыщІэ канал нэхъыщхьэ щыхъунущ дунейм. Нэхъыбэ дыдэу ар зи фІэщ хъур, дауи, щІалэгъуалэрщ.

Холдингым иригъэкІуэкІа щІэупщІэныгъэм зэрыщыжаІащи, нобэ вацапымкІэ, телеграмымкІэ хъыбар кІэщІхэр, сурэтхэр, видеохэр зэІэпахыу арамэ, дяпэкІэ абы Іэмал нэхъыбэ къитыну хуагъэфащэ. Псалъэм папщІэ, адрей гуэдзэнхэр къызэІупхын хуэмейуэ, а ущыуэршэр хъу каналым визэхэр къыщыдэпх хъууэ, дохутырым деж зебгъэтхыу, псэупІэ-коммунальнэ ІэнатІэм къыпхуищІэ ІуэхутхьэбзэхэмЯ уасэр щыпту хъунущ. Абы щыхьэт тохъуэ, мессенджерхэм махуэ къэс ІэмалыщІэхэр къызэрызэкъуахыр, абы зэрызрагъэужьыр.

**КЪЭБАРТ Мирэ.**

# Псалъэзэблэдз




***ЕкІуэкІыу:*** **3**. МыІэрысэ ... е плъыжьыфэ. **4**. ЛІым и шыпхъу. **7**. Кхъухьлъатэзехуэу щыта, Совет Союзым и ЛІыхъужь. **8**. Пхъэщхьэмыщхьэ гуащІэ цІыкІу. **9**. И инагъкІэ мыин-мыцІыкІу. **10**. ЩІымахуэкІэм къэгъагъэ удз, и лъабжьэр бжьыныщхьэм ещхьу. **13**. МафІэ бзий псыгъуэ къыдидзу, уафэм къыщоуэ. **14**. Хъыджэбзым зэреджэ нэгъуэщІыцІэ.

***Къехыу:*** **1**. Хъарбыз ... е хьэлыуэ ... **2**. Пщэ гъум. **3**. Ди щІыпІэм куэду къыщыкІ, бжьэхэм фо къызыхах, Іэщым яфІэфІу яшх удз. **5**. КІыщокъуэ Алим и роман «... нур». **6**. Пщэдейрей ... нэхърэ нобэрей бзу. **11**. КъэкІыгъэ къызэрыкІыкІ хьэдзэ. **12**. Фо зыфІэфІ хьэкІэкхъуэкІэ.

*Зэхэзылъхьар*

**МЫЗ Ахьмэдщ.**

***Мэлыжьыхьым и 13-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкІуэкІыу:*** **5**. Ираvд. **6**. Гъатхэ. **7**. Унэ. **8**. Гъунэгъум. **10**. Мардэ. **12**. Хуэдэу. **15**. Іэжьэгъу. **17**. Ажэ. **18**. Нэмыс. **19**. НакІэр.

***Къехыу:*** **1**. Бзаджэ. **2**. Джэдум. **3**. Дыгъэм. **4**. Хьэтыр. **9**. Гъунэ. **11**. Адэ. **13**. Дамэр. **14**. Уасэщ. **15**. Іэнэм. **16**. ЖьакІэр.

## ● Фэ фщІэрэ?

# Къуалэбзухэм я цІэхэр

Бгъэ - орёл.
БзуупцІэ - дрозд.
Бзухьэгуагуэ - хохлатый жаворонок.
Губгъуэ бабыщ - дикая утка.
Жэнэтбзу - щёголь.
Жунэ - крапивник.
Къашыргъэ - ястреб.
Кьру - журавль.
Къуалэбзу - дикие птицы.
Мэзджэд - фазан.
Мэзадакъэ - самец фазана.
Мэлыхъуэ бзу - жаворонок полевой.
Нэбажэ - сокол.
Ныбгъуэ - перепел.
Псыхэуэ - цапля.
ПсысхуолІэ - чечевица.
ТІысдадэ - синица.
Уэгунэбзу - жаворонок.
Хьэрхьуп - удод.

# Афэрым, щауэхэ, пщащэхэ!

**Санкт-Петербург мы махуэхэм щокIуэкI абы щыпсэу лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр, зэкъуэтыныгъэр нэхъри егъэфIэкIуэным теухуа фестиваль ин. А Iуэху дахэм хэтыну, абы и къэпщытакIуэ гупым и тхьэмадэу щытыну ирагъэблэгъащ Дунейпсо Арткомитетым и вице-президент Бейтыгъуэн Iэуес.**

Щэнхабзэ






- Лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэу 120-рэ щопсэу Санкт-Петербурги, абыхэм я зэфIэкIхэр къыщагъэлъагъуэ, я зэныбжьэгъугъэр, зэкъуэтыныгъэр дауэ егъэфIэкIуа хъунуми щытепсэлъыхь зэхыхьэ гъэщIэгъуэнхэр щокIуэкI къалэшхуэм, - жеIэ Iэуес. Фестивалым зыкъырагъэхьэлIащ гуп гъэщIэгъуэн куэдым, Белоруссием, Украинэм, Молдовэм, Узбекистаным, Куржым, Арменией, Азербайджаным, Дагъыстэным, Шэшэным, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, нэгъуэщI щIыпIэхэми къикIауэ. «СтIол хъурейм» псалъэмакъ купщIафIэ щекIуэкIащ, Санкт-Петербург и губернаторым и дэIэпыкъуэгъур, Лъэпкъхэм я унэу Санкт-Петербург щыIэм, а къалэм и Москва районым я тхьэмадэхэр, диаспорэ куэдым я Iэтащхьэхэр хэту. Хуабжьу си гуапэщ фестивалым и жюрим и тхьэмадэу сыкъызэрырагъэблэгъар. Лъэпкъхэм я щэнхабзэр, гъуазджэр нэхъыбэм ящIынымкIэ, Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэм ехьэлIа я гукъэкIхэр ягъэнэIуэнымкIэ щхьэпэу къызолъытэ мыпхуэдэ зэхыхьэшхуэхэр. Ди гуапэ хъуауэ фестивалым хэтащ «НАРТ» къэфакIуэ гупыр. Иджыпсту абы хабзэм, щэнхабзэм, къэфэкIэм зыщыхуагъасэ сабиищэм нэблагъэм.

Мы щхьэусыгъуэ дахэр къэдгъэсэбэпынщи, нэхъ зыубгъуауэ и гугъу тщIынщ Iэуес зи цIэ къриIуа, адыгэ къафэм и «НАРТ» театрым. Ар къызэрагъэпэщащ 2016 гъэм накъыгъэм и 9-м, жэрдэмыр зейр адыгэ пщащэхэу КIэм Дианэрэ Зэубыд Оксанэрэщ. Я мурад нэхъыщхьэри адыгэ-абхъаз гупым хыхьэ лъэпкъхэр зэшэлIэнырт, сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ зэхуэзэну, зэпсэлъэну, къэфэкIэм зыхуагъэсэну, Санкт-Петербург и щэнхабзэ гъащIэм хэтыну Iэмал яIэнырт. ИкIи къайхъулIащ я гуращэр, зэрыщыIэ илъэсхэм къриубыдэу ахэр хэтащ Санкт-Петербургрэ Ленинград областымрэ щекIуэкIа Iуэху инхэм, лъэпкъыбэ, урысейпсо зэхьэзэхуэхэм я лауреат хъуащ. Ансамблым и къэфакIуэ гупхэр хэтащ Лъэпкъхэм я унэмрэ Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ Санкт-Петербург и комитетымрэ ирагъэкIуэкI зэIущIэхэм, псалъэм папщIэ, ФутболымкIэ муслъымэн турнирым, Лъэпкъ джэгукIэхэм, нэгъуэщIхэми.

2018 гъэм къыщыщIэдзауэ гъэ къэс пшыхь ирагъэкIуэкI Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм икIауэ япэ курсым щIэс студентхэм папщIэ. Апхуэдэуи зэхашэ адыгэ щэнхабзэм и пщыхьэщхьэхэр, КъБР-м, КъШР-м, АР-м щIыхь зиIэ я артистхэмрэ щэнхабзэм и лэжьакIуэхэмрэ я концертхэр.

«НАРТ» театрыр зэпымыууэ хэтщ сабий ныкъуэдыкъуэхэм папщIэ ирагъэкIуэкI «Голос страны - время действовать» къалэ сценическэ фестивалым и гала-концертым, Санкт-Петербург и «Центр спорта Адмиралтейского района» къэрал IуэхущIапIэм иригъэкIуэкI спорт зэпеуэхэр къыщызэIуахкIэ, нэгъуэщIхэми.

Iэмал иIэу «НАРТ»-м хэтхэм зэи къагъанэркъым адыгэ къафэр утыкушхуэ кърамыхьэу, къалэшхуэм и цIыхухэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ я лъэгу щIамыгъэплъу. Афэрым, щауэхэ, пщащэхэ! ДяпэкIи фефIэкIуэну ди гуапэщ!

**ИСТЭПАН Залинэ.**

# Макъамэ телъыджэм и лъахэм

**Налшык дэт Музыкэ театрым иджыблагъэ щекIуэкIащ «Музыкальный диалог» концертыр, КъБР-м и цIыхубэ артист Къэбэрдокъуэ Муратрэ ди республикэм щIыхь зиIэ и артист Бэрбэч Аскэррэ зэдагъэхьэзырар.**

ДАХАГЪЭМ къару лъэщ зэриIэр наIуэ тщащIащ а пщыхьэщхьэм. И макъамэ щабэхэмкIэ ди къэралми абы и адрыщIкIи цIэрыIуэ щыхъуа Къэбэрдокъуэ Мурат фортепианэм щеуэкIэ дунейр зэщIогъагъэри гугъэщIэм уи гур щыз ещI. Мы пщыхьэщхьэм иджыри зэ хьэкъ сщыхъуащ лъым къаруушхуэ зэриIэр, абы хэлъ нэрымылъагъу къарум пэлъэщын зэрыщымы-Iэр. Бэрбэч Аскэр а пшыхьым бзэ зыбжанэкIэ уэрэд щигъэзэщIати, пэшым цIыхуу щIэсыр умэзэхауэ едэIуащ, ауэ пасэрей уэрэдыжьхэр щигъэзащIэкIэ Iэгуауэр нэхъ ин хъурт. Бэрбэчым и макъыр адыгэбзэм тегъэпсыхьащи арагъэнщ апхуэдэу къабзэу, гум и налъэ къэс нэIусу щIигъэIур.



Пшыхьым щагъэзэщIащ МэшбащIэ Исхьэкъ, Къэжэр Пётр, ХьэIупэ ДжэбрэIил, Къаныкъуэ Заринэ, Емыжь Нурбий, Къарэ Мурэдин сымэ, нэгъуэщI усакIуэхэми я Iэдакъэ къыщIэкIа уэрэдхэр, пасэрей адыгэ уэрэдыжьхэр.

Пшыхьым къекIуэлIа дэтхэнэми имыгъэщIагъуэу къэнакъым Адыгейм щIыхь зиIэ и артисткэ Даут Сусанэ и макъ лъэщыр. ИнджылыбзэкIэ, адыгеи, къэбэрдеи диалектхэмкIэ уэрэд зыбжа-нэ щыжиIащ абы. А пшы-хьым япэу утыку къыщрихьащ тхакIуэ, усакIуэ, драматург, журналист Бемырзэ Зураб и «Мэрамэжьей» усэм къытращIыкIа уэрэд, макъамэр зытхар Къэбэрдокъуэ Муратщ.

Даут Сусанэ Адыгейм и къэрал филармонием и уэрэджыIакIуэщ. Абы ди къэралми и адрыщIкIи щекIуэкIа зэпеуэ куэдым пашэныгъэ щиубыдащ. 2014 гъэм «Адыгейм щIыхь зиIэ и артист» цIэ лъапIэр къыхуагъэфэщащ. 2017 гъэм ар хэтащ Кадыров А. и цIэкIэ къызэрагъэпэща «Голос Кавказа» радиофестивалым. Адыгейм и «Налмэс» ансамблым и гъусэу Китайм, Израилым, Абхъазым щыIащ. 2019 гъэм ар нэсыфат «Новая Звезда» фIэщыгъэм щIэт урысейпсо зэпеуэм и кIэух Iыхьэм. 2020 гъэм Адыгэ щэнхабзэм и дунейпсо фестивалым япэ нагъыщэ зиIэ и лауреат хъуащ. 2022 гъэм Даут Сусанэ щхьэхуэу ита концертым зыкъыщагъэлъэгъуащ УФ-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм хэт Пысь Артёмрэ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Бэрбэч Аскэррэ. Зи гугъу тщIа Iуэхугъуэхэр зи щIэдзапIэ дахэ уэрэджыIакIуэм нэхъыбэжкIэ къызэрыпищэнум шэч къытепхьэркъыми, ефIэкIуэну, зиужьыну ди гуапэщ.

Пшыхьым хэту ХьэIупэ ДжэбрэIил псалъэ щратам жиIащ адыгэ лъэпкъым и хъугъуэфIыгъуэ ину мы щIалэгъуалэр къызэрилъытэр.

- Даут Сусанэ и макъ нобэ япэу зэхэсхауэ аращи, телъыджэщ! ИкъукIэ сигу ирихьащ. Лъэпкъыр фIыкIэ зыщыгугъхэм фащыщщи, фефIэкIуэну сынывохъуэхъу, - жиIащ ХьэIупэм.

- А пшыхьым щытлъэгъуар пасэрей гъуазджэм и куупIэм дызыхьыж, и фIыпIэм дыщызыгъэгъуазэ дунейщ, - жеIэ Бемырзэ Зураб. - БлэкIа зэманым къыхэIукI макъамэр а лъэхъэнэм хьэлъэ дэхъуауэ, дишэхауэ къыпщыхъуркъым, атIэ псэ налъэкIэ фIэкIа узылъэмыIэсыф, узыщIэзыгъэгупсысыж, узыIэт къэхъугъэ телъыджэщ. Дэ а дунейм дыхашэри а макъамэ телъыджэхэр къэзыгъэщIа лъэпкъым дызэрыщыщыр хьэкъ тщащIащ, а гупсысэм и IэфIыр ди Iум телъу дызэбгрыкIыжащ. ЗэфIэкI усэншэ зыбгъэдэлъ Къэбэрдокъуэ Мурат уэрэдым хуиукъэбзыкIа макъ лъагэ зиIэ Даут Сусанэрэ Бэрбэч Аскэррэ зэгъусэу къызэрагъэпэща пшыхьыр хэкум хуаIэ фIылъагъуныгъэм и пшыналъэу къэплъытэ хъунущ.

Абы щыIуа адыгэ макъамэхэм седэIуа иужь: «Ди Тхьэ, сыту фIыт Адыгэу сыкъызэрыбгъэщIар!»,- жысIащ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.553 • Заказыр №819

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А